


LIV SOU KOMES SAN ANTRAV

LIV POU PWOFESE YO

15 Prensip kle yo pou fè komès san Antrav

Listwa Allen, Andre, Marcella ak Sabetha

Aktivite ki pou fèt ak elèv yo



Moun ki ekri liv sa

Jerry Dean Epps, Ph.D.

Enfòmasyon sou Moun ki Ekri Liv sa

Doktè Jerry Dean Epps, (li gen gwo diplòm nan etid pou ankadre moun, tankou nan Sosyoloji ak nan Ledikasyon) li travay nan domèn ledikasyon ak konsèy pou ede moun ak sosyete-a. Li te pwofesè nan nivo inivèsite ak nan lekòl elemantè tou. Li pase tou-t vi li ap bay ledikasyon, nan chwazi divès materyèl ki ka sèvi pou sa, ak anpil lòt aktivite ke li renmen fè. Li te viv nan peyi zòn Lamerik la ki pale lang panyòl, kote li te enterese etidye lang panyòl la tou. Apre gwo dega ki te pase nan peyi Letazini, nan dat 9 Sèptam lane 2001 an, li te travay anpil poul te wè kijan lemond te kapab tounen yon milye ki ta pi bon pou moun viv. Konsa li te deside poul fè sikile lide sou Demokrasi ki se yon bèl mwayen pou sa ta fèt. Lide ekri liv sa pou lekòl timoun yo nan lemond, se ta mwayen ki pi adapte-a pou ta komanse sa. Se yon kado ki sòti nan fon kèl pou limanite. Li ap viv nan vil Marietta Georgia, peyi letazini, ak madanm li, li toujou ap travay nan ankadre moun panyòl yo, nan aktivite bay konsèy ak fè biznis. Li swete pou tout moun sou fas tè-a ka rive viv lib.

Yon kout chapo pou yo

Pou tou-t moun sa yo ki te oze kanpe pou libète. Gen nan yo ki te fèl nan zòn ki te gen lagè. Gen lòt tou ki te fèl pandan yo tap defann dwa moun kont diskriminasyon. Genyen tou, ki te kanpe pou defann peyi yo, gen lòt tou ki te kanpe pou defann òganizasyon pa yo. Kèlkeswa kote move lavi ap toupizi moun toujou genyen gason ak fanm vanyan ki pou leve defi-a, epi reponn rèl libète pèp yo. Mwen solidè ak yo tou-t. Nan fon kè-m, kit se gason oubyen fanm, sòlda ou sivil, yo tou-t se moun vanyan. Gen nan yo ki te leve kanpe pou libète, yo peye ak san yo. Gen lòt ki te pase tou-t lavi yo san jamè fatige pou yo te efase sou fas tè-a, tou-t diktati ak tou-t kalite tirani ak move lavi ki makònen ak yo. Mwen voye yon kout chapo pou yo ak liv sa-a. Se denpi lantikite gason ak fanm vayan te toujou kanpe fè-m pou defann libète. Jodia, se tou pa nou poun reponn rèl yo. Se poutèt kòz libète-a ka vanse mwen ofri liv sa. Mwen èspere li pral ede gaye lide demokrasi-a sou tou-t fas tè-a. Pou tou-t sila yo ki pral ede mouvman an pran pye, mwen wete chapo devan yo tou. Mwen voye yon mèsè èspesyal a madan-m mwen ak tou-t zanmi-m yo ki te ankouraje-m vanse ak pwojè sa jis nan bout.

Pou rive jwenn mèl liv la :

Ou kapab fè sa, lè ou ekri li nan: drjerryepps@gmail.com, oubyen lèw vizitel nan adrès sa tou www.TeachDemocracy.org

Liv sa pa pou VANN (Li gratis)

LIV POU KOMES SAN ANTRAV. Li parèt nan lane 2010. Se Jerry Dean Epps. Ph.D. ki ekri. Gade pi ba wa wè ki kalite pwofesè ki gen dwa sèvi ak materyèl ki ladanl.

Moun nan tou-t peyi sou tè-a kapab pran liv sa nan entènèt **san yo pa peye lajan**. Si ta gen dispozisyon ki pran pou gen lajan ki fèt ak liv sa nan peyi letazini, lajan sa pral itilize pou ede pwopaje travay sa sou tout tè-a, èspesyalman nan peyi kap devlope yo.

Materyèl ki ladanl jwenn pwotèksyon anba lalwa ki konsènen dwa tou-t sila yo kap ekri liv yo. Ou pa dwe vann liv sa pou fè pwofi. Mèt liv la ankouraje moun pranl nan entènèt, sèvi ak li san yo pa peye lajan pou sa. Li swete wè ke gwoup liv sa yo « Libète Pou Tout Moun », ak « Liv Pou Aktivite Komès San Antrav » kapab itilize pa tou-t elèv sou tè-a, yon fason pou bay jarèt a yon sosyete kap viv nan demokrasi, èspesyalman nan peyi kap devlope yo.

Se pou tou-t timoun yo ak tout pèp sou fas tè-a kapab gen yon lavi ki miyò, grasa liv sa kap vin ogmante chans ke yo va genyen pou viv nan yon sosyete kote gen demokrasi. Sa tap yon gran plèzi pou mwen, lèm konnen ke nap sèvi ak liv sa. Silvouplè, voye yon ti memo pou mwen, pou nou ka dim kijan nou sèvi ak li, epi tou, ki kalite benefis nou santi ke li pote pou elèv nou yo. Nou ka ekrim nan adrès nou sòt wèa, ou byen nou ka fè sa pa entènèt jan nou te dil.

Konsènan foto yo ki nan liv sa

Tou-t foto yo nou wè ki nan liv sa, se grasa Mark A. Hicks, ke yo rive la, e se li tou ki gen tou-t dwa pwopyetè-a. Nèg sa te resevwa anpil dekorasyon pou anpil travay konsa kel te fè. Si ou ale nan entènèt sou www.Markix.net wap kapab wè anpil nan travay li yo. Poutèt li gen bon kè anpil, li te bam pèmision poum te sèvi ak foto sa yo nan liv la, e mwen genyenl rekonesans anpil pou sa. Mwen te trouve foto li yo nan DiscoverySchool.com Clip Art Image Galery, e mwen pwofite voye anpil mèsi a moun sa yo tou, paske yo te mete imaj ak foto sa yo disponib. Mwen di yon mèsi ak tou-t kòm pou DiscoverySchool.com, e pou msye Mark Hisks. Tè-a va vin pi miyò kote pou moun viv, grasa kontribisyon ke yo bay nan kad sa.

Gen kèk nan foto sa yo se mwen ki fè yo pèsònèlman. Tout sila yo ki pou Mark la, yo gen ti siyn sa [*] bò kote yo, ki fè ladiferans ak pam yo ki pa genyen.

KOMANSMAN AN

Konsènan liv pou Pwofesè a

Byenvini. Mwen èspere ke nou pran plèzi pou nou travay ak dokiman sa. **KI SA KI NAN LIV POU PWOFESE A ?** Nap jwenn tou sa ki nan liv pou elèv yo, plis kèk aktivite pou nou fè ak elèv yo tou.

Materyèl pou elèv yo gen prezantasyon sa :

- (1) Yon Prensip sou komès san baryèa, ki ekri an gwo ekriti byen nwa.
- (2) Jis anwo tèt prensip la, gen yon ti èspas ki ka pèmèt nou ekri prensip la nan lang pa moun yo, pou fè diferans ak lang anglè a.
- (3) Wap kapab wè kèk foto ki ladanl.
- (4) Gen yon diskisyon ke nou fè sou prensip ki regade komès san antrav.
- (5) Gen yon pati ki rakonte listwa ki gen awè ak ti koze sou zafè komès san antrav.

Pou Prezantasyon liv pou pwofesè yo, se menm bagay ak pa elèv yo (1 a 5), ki gen ladanl tou yon sizyèm pati, ki se yon aktivite pratik, pou ede elèv yo konprann e sonje prensip komès san antrav la ke yo etidye nan chapit la.

Mwen te chwazi sépare “ liv sou komè san antrav” sa an 15 prensip. Sa fèt konsa se paske mwen te wè 15 prensip yo fè sans, menm si lòt moun ta kapab chwazi fèl nan 20 ou byen 14 prensip, etc.

Men ki fason nou palé dé bagay sa yo.

Materyèl ki pale sou Libète pou tou-t moun nan, nou te fè yo soti an kat (4) liv ki pou sèvi pou nivo elemantè. Premye liv la, Liv pou Demokrasi-a, li te a dispozisyon tou-t moun nan entènèt la san lajan. Dezyèm nan, Komès san antrav, li aktyèlman disponib nan entènèt www.TeachDemocracy.org. Moun ki mèt liv sa yo, swete ekri lòt 2 liv yo ki rete san pèdi tan. Gen anpil chans pou yo pote non sa yo: Wise and Innovative Use of Societal Resources (Itilizasyon resous yo nan fason ki entèlijan); epi Wise Innovative and Use of personal Resources (Itilizasyon Entèlijan ak Dinamik de Moun nou yo).

Libète se baz fondamantal koze-a. Li montre ke se lè moun gen tou-t libète yo, ke yo pi alèz pou devlope tou-t kapasite yo. **Lajan tou se yon gwo koze ! Moun ki gen avantaj lajan genyen an menm tan plis kapasite pou yo viv yon lavi, kote yo gen anpil satisfaksyon nan mond sa ki**

tèlman difisil. Sa se yon verite ke li ye, kèlkeswa nap pale de yon sistèm ki legal, de swen sante, ou byen de sa wap manje chak jou. Lajan bay gwo pouvwa desizyon (“ Mwen ka manje lèm vle, mwen kapab vwayaje kotem vle, etc”), menm yon chalè otorite ak sekirite nan kèlkeswa difikilte a.

Libète ak demokrasi enpòtan, men yo pap dire lontan si yo pa gen sipò aktivite lajan, ki bay tou-t moun yon menm avantaj. Preske toupatou, nan yon sistèm ki favorize komès san antrav, merit, bon sans ak travay anpil, se bagay ki bay rekonpans ; e lè rekonpans sa ta rive, se tout sosyetea ki benefisye. Moun ki ekri liv sa kwè anpil ke demokrasi ak yon ekonomi ki fò, mache men nan la men, e komès san antrav se pi bèl mwayen pou rive gen yon sistèm ekonomi ki fò !

Tou-t bagay sa yo te rive ekri **pou ansèye, epi tou pou enspire** timoun yo sou demokrasi, pouvwa lalwa, endepandans aktivite biznis vizavi kontwòl leta, ak itilizasyon dinamik e entèlijan de resous nou yo, etc. Li la tou pou ede yo konprann enpòtans enstitisyon sa yo genyen, konsa yo va gen rèsponsablite pou obsève tou sa nan vi pwofèsyonèl yo, lè yo vi-n rèsponsab tou. Pandan yap grandi konsa nan travay ak nan mete aktivite biznis kanpe, pandan yap panse bon lide politik, epi prepare pwòp pitit yo pou benefisye avantaj nan mond sa, nou vle ke yo genyen ase bon lide ak resous pou mete sou pye yon tè ki bon pou tou-t moun.

Men kèk lèkti nou ankouraje nou fè : Doktè Paul Polak fè nou konnen, ke apati kèk ekzanp lavi chak joua, kijan moun kapab kraze mize, e ki sa peyi devlope yo fè ki ka ede, e ki ka deranje tou. Li fè plis pase li ta bay yon senp endikasyon. Kèlkeswa se sou ponp dlo manyèl nan peyi Bangladesh oubyen charyo ak bourik nan peyi Somalie ki fè moun rich, sak te rive apati gran visyon fè aktivite komès nan peyi devlope yo, yo te alète lide anpil moun ! Al li gwo moso dokiman sa, ak tou-t bèl lidel yo nan Soti Nan Malsite (Out Of Poverty, Polak, 2008).

- Prensip 1 : Premye bezwen moun pou yo ka viv, se manje, dlo, rad ak kay pou yo rete.....1
- Prensip 2 : Lòt bezwen ke yo swete pou yo jwenn pou satisfaksyon, se bagay tankou jwèt pou timoun yo, ak kèk manje èspesyal, bèl ti rad, ak tan pou rekreyasyon.....4
- Prensip 3 : Moun toujou ankouraje fè pwofi, e yap travay pou fè pwofi, konsa yo kapab genyen sa ki esansyèl, ak sa pou yo fè tèt yo plèzi, tankou pwodwi ak sèvis ke yo bezwen.....7
- Prensip 4 : ‘‘ Fyète Pwopyetè yo’’ se lè moun yo chè mèt chè mètrès tou sa ke yo ap sèvi ak li.....10
- Prensip 5 : Lè moun yo fè ekonomi, yo gen chans pou yo mete lajan an nan komès kap bay yo pwofi, e kap garanti avansman yo demen.....13
- Prensip 6 : Pratike lalwa enpòtan anpil, sa pèmèt travayè yo, pwopyetè yo ak sila yo kap fè biznis konen ke lajan yo mize nan komès la jodia, gen anpil garanti ak sekirite demen.....16
- Prensip 7 : Lè gen bon kondisyon, sa pèmèt tou-t moun kap mize lajan yo nan komès kalkile sou bon pwofi pou demen.....19
- Prensip 8 : Lè bizismann yo mize kòb nan fè komès, anpil fwa yo konn bezwen lajan prete (kapital) pou yo kapab remèt pa ti moso jiskaske yo fini peye.....22
- Prensip 9 : Pou ka gen travay se le komès ap grandi, ou byen lè nouvo komès pran pye.....25
- Prensip 10 : Mwayen fasil pou jwenn kapital se yon nesosite pou fè lekonomi grandi.....28
- Prensip 11 : Konpetisyon se bèl avantaj pou komès kanpe djanm, se li fè ke yo gen pwodwi de kalite ak bon sèvis pou yon pri ki ba.....30
- Prensip 12 : Se sa achtè ak sa vandè yo ofri nan komès la, ki fè konnen ki kalite pwodwi ak sèvis ki genyen ak ki pri yap koute.....33
- Prensip 13 : Chak fwa valè pwodwi ak sèvis yo monte, sa vle di ke pri yo pral ogmante tou.....36


Prensip 14 : Lè gen lagè, sa gaspiye anpil resous, e sa lakòz sosyete yo pa benefisye anyen.....39

Prensip 15 : Kòripsyon nan komès ak nan politik gaspiye anpil lajan, epi li bay anpil fo lidè tou.....42

v

Liv Sou Komès San Antrav

Listwa Allen, Andre, Marcella ak Sabetha



Moun ki ekri

Jerry Dean Epps, Ph. D.

Men baz yo

Prensip 1: Premye bezwen moun pou ka yo viv, se manje, dlo, rad ak kay pou yo rete



Pen



dlo



Lèt



Moun ak Pwason

Tou-t moun tout kote bezwen manje, rad pou yo mete, ak kote pou yo rete pou yo ka viv. Nan fotoa nou wè pen, dlo, lèt ak yon moun ki kenbe pwason nan menl. Ak nesosite sa yo li kapab viv. Yo konsidere manje tankou sa ki nesèsè pou swen kò. An jeneral, moun ki pa manje toujou grangou anpil. Sansè ke, si yo pa manje, yo pa bwè dlo, yap mouri. Rad se bagay nou bezwen tou. San rad, nan kèk sezon, moun yo konn soufri, swa ak twòp chalè, swa ak twòp fredri. Viv san rad, pou anpil moun, sa pa mete yo alèz, epi nan kèk sezon li enposib pou fè sa. Kay se tankou rad, li pwoteje kò kont move sezon. Li kenbe chalè nan kay la pandan sezon frèt, menm jan li kenbe frechè nan tan cho. Li evite kò nou, manje nou yo ak tou-t sa nou genyen, tranpe anba dlo lapli.

Ala grav sa ta grav pou ta wè ke ou leve yon maten epi ou tranpe anba lapli, pou fredri ta nan wèl ou ? Ou tap frèt anpil !! Pou van an ap vante, ou tap pi frèt toujou. Lèw grangou e ke ou ta vle manje yon ti manje, epi pou ta wè ke manjew yo gate akòz yo mouye. Ou bezwen yon kay pou rete ! Yon kote pou viv, ki evite ke lapli ak lanèj baw pwoblèm, ki kenbe chalè pou metew alèz pou domi. Nan tan modèn sa yo, yo wè sa enposib pou moun ka viv san manje, san dlo, san rad ak san yon bon kay.

Ti Listwa a

Granmoun yo chita kè poze nan plas yo ap gade avyon an kap pase sou tèt mòn yo, yo te nan wout pou yal pase vakans fèt. Ti moun yo te byen chita an sekirite nan chèz ke avyon an gen pou sa. Tou-t moun te konnen ke jan de chèz sa yo te fèt pou pou reziste menm anba pi gwo aterisaj fòse a. Ti moun yo tou te konnen ke yo te an sekirite nan chèz sa yo.

Ale ale, se konsa yo te tande yon gwo bwi epi avyon an te panche ! Yo te tande yon lòt gwo bwi ankò epi yo te souke anpil, tankou nan gwo tranbleman.

Woy non! Avyon an tap desann ak tou-t vitès. Sa te rive tèlman vit ! Timoun yo tap rele, yo tap krye. Yo te santi yo tap tonbe nan lèspas. Se konsa yo te santi moman lè ke avyon an te frape a! Epi sete yon gwo silans.

Yo bon tan te pase, lè yo tou-t te rive soti nan chèz sekirite yo, men yo te ka konstate lè yo te sòtia, ke pat gen dout, ke tou-t granmoun yo te déjà mouri....epi avyon an tap pran dife tou. Yo te oblije kouri soti byen vit !

“Vini pa bò isit la, prese” Andre tap rele, epi lòt yo te swiv li pou yo te soti...soti nan yon tanperati la nèj ak fredri. Yo te glise byen vit tonbe nan lanèj la. Yo te ret chita ap admire lanèj la, yonn te gade lòt, e yo tap chèche konprann sa ki fèk rive yo a. Yo te sezi anpil...e yo tap tranble ak fredri. Ti rad fen ki te sou yo a pat ase pou kalite tanperati sa yo. Akòz lanèj la, tanperati kò yo te kòmanse ap desan.

Anfen, se Marcella ki te fè yon reyaksyon poul te eseye kalkile ki sa pou yo ta fè nan kondisyon sa. Li te pale konsa, “ Nou gen sèlman kèk èd tan ki rete poul fè nwa....nou ta dwe kòmanse ap chèche manje ak dlo, epi ranje yon kote pou nou rete pou fredri ak lanèj pa bat nou. Al chèche dra yo ; nou kapab sèvi ak yo kòm rad pou moman sa.”

Gen kèk nan timoun yo ki te toujou rete kouche nan lanèj la, yo tap kriye. Men lòt yo te kòmanse travay. Te gen David ak Kovrich ki tap rale plizyè chèz pou yo te rive fè miray. Lè ke yo te rive kouvri miray an chèz sa yo ak plastik, sa te evite ke van an ak lanèj la pa nwi yo twòp. Yonn nan yo te jwenn yon gwo bokit kel te plen ak lanèj. Se konsa yo te aranje yo, pou yo te kapab fè lanèj la fonn poul vin tounen dlo. Difea tou te fasilite chalè te rete kote yo te ye a. Tanperati te fè yo di byen anpil !

Te gen Marcella ak Kovrich ki te pran swen pou ke tou-t manje ke yo te jwenn yo te rete nan èspas kote yo te ye a, yon fason pou yo pat gate akòz dlo ou byen twòp chalè, ou byen pou zannimo nan bwa a pat vin manje yo pandan lannwit. O mwen pou moman sa, yo te gen manje ak dlo, kote yo te rete a, ak rad ke yo te fè ak tout dra ke yo te ranmase yo. Yo pat nan fredri e yo pat grangou. Domi te pati ak yo.

Aktivite : Mande chak elèv yo apa pou yo di konbe tan sa fè denpi ke yo te manje. Apre ke kèk nan yo ta reponn, wap remake ke se yon kèsyon de kèk èd tan sèlman, pa jounen! Mennen yo nan yon diskisyon sou ki sa ki ka rive lè moun pa manje, e ki sa ki ka rive tou lè ke yo pa bwè dlo. Mennen yo rive nan konklizyon ke.....”Manje ak dlo se bagay ki enpòtan pou lavi moun.”

Ou kapab mande yo,” Pouki sa moun dwe mete rad ?” Apre kèk ti ri kache, ou kapab pale sou sa ki ka rive po kò nou ni nan sezon fredri ni nan twòp chalè, epi ki kalite bon bagay sa ye pou kenbe kòw cho e sèk. Malgré ke gen kèk kote sa pa yon pwoblèm, men pifò milye sou tèa mande pou mete rad pou ka viv byen. Se menm bagay la tou pou kay. Ou kapab di yo,”Nan plizyè kote, moun yo depanse anpil lajan pou yo gen dlo, manje, rad ak kay. Tou sa yo nesèsè pou moun viv.”

Ou ka sigjere yo, avèk pèmisyon granmoun yo, pou yo chwazi pa manje kèk repa pou jounen an, yon fason pou yo ka santi kijan moun ye lè ke yo pa manje. Si gen kèk nan yo ki dakò fèl, yo ka retounen fè lòt yo konnen kijan ke yo te santi yo lè sa. Moun gen anpil bezwen ak dezi, men 4 sila yo se yo ki fondanatal pou nou reziste nan lavi.

2

Yon dènye kesyon ou kapab poze yo pou fini : (mande yo pou yo leve men yo) ‘‘ Kilès nan yo la ki panse ke li kapab viv pandan 6 mwa san manje, dlo, rad ak kay poul ta rete ?’’ Majorite nan yo pral diw ke yo pap kapab reziste. Ou kapab di yo, ‘‘ Sa majoritea di a se sa.’’

Prensip 2 : Lòt bezwen yo swete pou satisfaksyon yo, se bagay tankou jwèt pou timoun yo, kèk manje èspesyal, ak bèl ti rad, epi tou, tan pou rekreyasyon ak lwazi.....



Aprè ke moun ta fin jwenn manje, yon kote pou yo dòmi, rad pou yo ka abiye e santi ke yo an sekirite paske bezwen fizik yo satisfè, yo toujou gen bezwen lòt bagay ankò. Yo pa sèlman bezwen pou yo ap siviv, yo gen bezwen pou plèzi ak tan lib pou rekreyasyon tou. Yo vle al nan fèt ! Yo vle manje bon manje ki gen bon gou tou. Gason sa nan fotoa pote yon bon manje. Balon football sa se yon kado pou yon timoun. Paran tifi sa te rive fè sa posib poul te kapab jwe basketball. Granmoun yo vle bon bagay pou timoun pa yo. Yo ta renmen wè timoun yo ap amize yo byen. Yo toujou vle wè yo gen jwèt, bònn sante ak bonjan ledikasyon.

Moun yo pa sèlman vle ap reziste, yo vle viv lavia byen ! Gen kèk fwa, viv lavia se jwenn bagay kew ta bezwen yo. Vwati, bato, bisiklèt, radio, konpitè ak televizyon, pa ekzanp. Men plèzi a pa toujou vini de sa kew ta posede. Li vini nan fason kew santiw ap viv la. Moun yo bezwen bagay ak sitiasyon ki kapab fè kè yo kontan. Li kapab se yon senp santiman ki fèl santi kel an sekirite. Ou byen li kapab tou se yon bon moman kel ta pase nan mitan zanmil. Anpil moun jwenn plèzi nan rete lakay yo. Yo ap chèche yon èspas ki trankil kote yo ka viv nan lapè. Anpil nan yo pa gen pwoblèm pou peye plis lajan pou yo viv nan yon milye ki bèl, nan zòn kote pa gen anpil krim, kote kay yo gen bèl lakou. Bagay tankou bèl lakou ak pak pou ladetant, kote ki trankil e ki pa prèske gen krim ak bwi, gen anpil vale nan laplipa sosyete yo.

Ti Listwa a

Te gen yon ti larivyè ki pat twò lwen yo, ki te ba yo chans pou yo peche pwason ak kèk zwazo ak zannimo sezon. Yo pat ka rive grangou pou mouri. Tou-t aparèy avyon an kite ka pèmèt yo pale, te tèlman domaje ke yo te pèdi lèspwa pou rive kominike ak lòt moun ki pou ta pote yo sekou. Pèsonn patap menm konnen ki kote pou yal chèche yo. Yo te la pou kont yo.

Pandan kèk senmenn ke yo pase nan tribilasyon sa, yo te rive jwenn fason pa yo pou yo te viv...bon lide ki te ede yo jwenn solisyon pou tan ki te rete yo a. Yo te vin santi ke yo anniyè. Wi, yo te kapab ranmase pi plis bwa pou chofaj, pèche pi plis pwason...men sa ke yo te deside sete jwen rekreyasyon ! Twouve manje pou yo pat mouri pat satisfè yo ase. Yo te bezwen fè yon bagay ki enteresan tou pou retire chagren nan yo.

Se konsa Marcella te dit, ” Mwen konnen ke granmoun nou yo mouri, men yo te swete wèn gen lavi, map pale de yon bon lavi ! Yo te toujou renmen bon gabay pou nou. Li rive jodia ke se nou ki pou bay tèt nou sa ki pi bon pou nou an.”

Allen bò kote pal te di, ” Wi, granmoun mwen yo tou te toujou eseye poum te gen mwens kè sote e poum te toujou kontan. Nan moman sa, mwen dwe sispann gen kè sere, se poum chèche fè kè kontan. Mwen panse ke nou chak ki la ta dwe fè menm jan.”

Marcella te pale ankò, ” Mwen dakò ak Allen. Se swa nou rete la ap plenyen tankou viktim, nou déjà nan ka e lavia di isit la ! Ou byen nou kapab òganizen poun viv byen. Ki sa nou panse timoun yo ? ”

Nan fason ke yo tap chichote anba anba a, Allen ak Marcella te rive konprann ke tout moun te dakò. Rete nan difikilte sa jis pou yo siviv pat objektif la, yo te swete pou kè yo te toujou kontan tou.

Nan demen, Andre te mete sou pye yon aktivite ki te kapte atansyon yo tou-t. ” Eske gen lòt moun la ki bouke viv nan yon avyon ki boule ? ” Anpil te di wi, yo te bouke ak sa. ” Enben, ann mete kanpe pwòp ti kay pa nou. Natirèlman, yo pap sanble ak sila yo ki lavil la, men nap bati ti kay kote 2 ti gason ou byen 2 ti fi kapab dòmi ansanm...”

Sabetha te di, ” Ok, si nou pral fè sa, mwen bezwen yon bèl ti kay ki gen fasad kotem ka gade zèb yo ak larivyèa. Em pata renmen poum ap gade do kay moun! Sabetha te toujou montrel egoyis!

Byen bonè nan naten Marcella ak yon lòt ti fi te kòmanse ap fè ” separasyon tè ”, 11 mè pa 11. Te gen kèk lòt ki te vin jwenn yo. Menm Sabetha tap travay tou. Li tap tire lizyè ak mete pikèt, mete bòn. Allen, ke papal te konn ap vann tè ak kay lavil la, li te fè mwayen pou ke gen èspas pou wout, plas piblik, ak twotwa devan chak moso tè yo. Lèl te rive aswe konsa, te déjà gen pikèt toupatou atèa sou ti kolin nan. Kèk nan fasad kay yo te prèske fin monte. Se konsa yo te rive bati ti vilaj yo a.

Li te klè pou yo tout ke tout lotisman yo pat kapab menm bagay! Yo tout te rive konprann sa Sabetha te vle fè konprann lèl te di, ” Fòk nou ta mete ansanm 3 a 4 nan ti moso tè sa yo anba a pou yo ta egal yonn nan sila yo bò isit la.”

Pale anpil la te kòmanse ! Kilès ki pou ta gen pi bon moso tè yo, e kilès lòt pou ta jwenn moso ki pa twò anfòm yo ? Kilès tou ki pou ta genyen pi bèl kay yo ?

Aktivite : Ou kapab mande, ” Elèv yo, èske nou kapab viv san ke nou pa vini lekòl ? ” Laplipa ap reponn wi. ” Si nou pa bezwen lekòl pou nou viv, pouki sa granmoun nou yo voyen lekòl ? ” Ekri kèk nan motif yo sou tablo a. (si se ak granmoun ou annafè, mande yo pouki sa ke yo deside vin lekòl). Fè diskisyon an mache jiskaske li klè pou tout moun ke se pa sèlman siviv ki enpòtan, eke preske tou sa ke yo diskite yo pa pi nesèsè pou yo siviv. Yo bezwen reyisi nan lavia, yo bezwen respè tèt yo, posede yon televizyon ou byen yon bèl kay pou yo rete. Di yo sa, ”

Nou bezwen sa ki nesèsè pou nou siviv, MEN, nou vle tou sa ki kapab ba nou kè kontan chak jou tou.”

Chwazi yonn nan mitan yo sila ki ta pi byen abiye a. Mande klas la pou fikse moun sa byen epi gade pwòp rad pa yo tou. Mande yo,”Eske (entèl) bezwen rad ki bèl poul kapab siviv ?” Yo pral diw non. Mande yo,” Pouki sa li ta oblije mete bèl rad ki chè, alòs ke gen rad lèd e bon mache ki tap abiyel ?” Montre kèk lòt nan klas la ki mete bèl rad tou. Ede elèv yo konprann ke gen anpil jefò ak lajan ke moun depanse sèlman pou yo achte sa ki pa esansyèl pou yo viv.

Ou kapab fini konsa : “Laplipa nan nou renmen bagay ki pou touche santiman nou tou, men sepa sèlman pou nou jis ap reziste ak lavia !”

Mande elèv yo pou yo reflechi sou yon bagay (tankou bisiklèt ou byen yon pope) ou byen yon jou (tankou lè granmè ta vin vizitel ou byen lèl tal lapèch) ke yo te pi renmen. Apre sa, made kilès ki ta vle pataje sa ak lòt yo. Wap jwenn nan yo kap vle fè sa. Apre ke yo ta fin fèl, ou kapab di yo ke ou konprann pouki sa ke yo renmen bagay sa yo, paske ou renmen sa yo tou ou menm. Ou ka di yo,” An jeneral, sepa premye nesèsite yo ki toujou ban ou kè kontan nan lavi nou !”

Prensip 3 : Moun toujou ankouraje fè pwofi, e yap travay pou fè pwofi, konsa yo kapab genyen sa ki esansyèl ak sa pou yo fè tèt yo plèzi kòm pwodwi ak sèvis ke yo bezwen ou vle.



Moun kapab fè jaden, epi vann sa ke yo rekòlte. Lajan ki rete nan men yo apre tou-t depans pou te fè jaden an, se pwofi pa yo. Tire pwofi se yon bèl bagay, paske li bay moun yo pouvwa pou achte sa ki esansyèl ak sa ki pa twòp nesèsè tou, konsa yo ka kontan viv lavi a. Avèk pwofi yo, yo kapab achte nenpòt sa ke yo vle nan magazen yo ! Mèt magazen yo tou renmen tire pwofi. Moun ap reflechi anpil pou yo wè kijan yo ka fè pwofi. Genyen ki di, "Pwofi se pouvwa sa ye!"

Yon bòs pent kapab ofri vwazinaj li yo poul pentire kay pou yo nan yon bon pri. Li déjà kalkile konbe sa ap koutel. Li mete pri bwòs yo, petèt tou lap gen poul achte yon nechèl tou nèf, si toutfwakay yo ta wo anpil, epi tou pri kèk inifòm pou li. Li mete pri tou-t sa ke lap bezwen. Plis li mete mendèv la ki se lajan anplis de sa materyèl yo ap koutel. Mendèv la, sa se pwofi pal. Si toutfwakay li mete twòp lajan, djòb la pral koute moun yo twò chè, e konsa yo ka bay yon lòt bòs fè djòb la. Si li mete pria twò ba tou, li pap ka tire okenn pwofi pou peye tanl ak jefòl. Li eseye fèl nan limit, pa twò ba ni twò wo. Li anvi fè djòb la pou li ka tire profi.

Kit se pou kòmanse yon komès, oubyen pou fè yon djòb nan yon izin ou nan yon jaden, moun yo fèl pou yo tire pwofi. Moun toujou enterese nan tire pwofi. Poukisa ? Enben se pou yo ka gen mwayen pou achte sa ki nesèsè, ak sa ki mwens nesèsè tou ke yo ta bezwen pou lavi yo !

Ti Listwa a

Allen pran sanl poul te pwoche bò kote Andre. Li dil, "Si nou te travay an gwoup nou ka rive kenbe anpil pwason ak ranmase ase bwa pou chofaj la, apre sa ede lòt yo, konsa nou tap gen tan devan nou, ou pa wè lidem nan bon!"

"Pouki sa pou nou ta fèl konsa ?" Andre te mandel. "Kite yo jwenn pwason pa yo, bwa ak tou sa ke yo ta bezwen !" Allen te dezole tande sa.

Andre te di, "Kisa ?", lèl te wè Allen te tankou bizisman Wall street yo kap chèche pwofi yo.

Allen ki te santil yon ti jan sou tèt Andre dil, "Ou ponko konprann sa, pa vre? Kitem èksplikew." "Anpil nan yo pap ka fè sa jan nou ka fèl nou menm. Nou ka VANN pwason ke nou gen anplis yo ak tou-t lòt bagay tou. Nou tou-t te gen lajan lè avyon an te tonbe a. Gen anpil lajan isit la ! Li kapab vini pou nou ! Yo ka achte nan men nou. Nou tou-t ap genyen. Yo pa bezwen ap travay di

e nou kapab tire pwofi, èskew konprann, ti lajan sa kap rete a, apre ke nou ta fin peye tèt nou pou travay ke nou fè a.

Andre te gen menm atitud la fwa sa. “Wi, nap gen pwòp ti komès pa nou. Nou ka kalkile sa lap kouten, tankou ou dil, mendèv ak depans yo, epi mande plis ke sa. Nou pral tire gwo pwofi !” Andre te kontan menm jan ak Allen. Li te rive konprann ke te gen yon bezwen, eke limenm ak Allen te kapab bay sèvis la epi fè lajan avèl !

Allen te di, “Yo ta dwe sispann lapèch ak ranmase bwa yo !” Apati lide tou nèf sa ou vini avèl la...ou konprann, nou ka bati ti kay yo. Nou ka vann yo tou. Nap kalkile konbe sa kouten, kantite bwa poun mete ansanm, kòd ki pou mare yo, travayè ki pou eden, etc, epi nou pap chèche tire twòp pwofi, ni pou fè ti kay yo twò piti ; jis nan mezi pou yo peye, e ki ka pèmèt nou tire pwofi pan ou.”

Pandan ke Andre tap panse sou konbe lajan yap mande timoun yo pou yon kòd 6 pwason, David ak Kovrich tap pase tou prea, tèt yo anlè, tankou yo se notab ke yo ye.

Tou-t moun nan ti katye sa te vle gen pwòp bagay pa yo, ak sa pou yo fè bèbèl tou. Lide sou kijan pou tire pwofia pou yo ka posede sa yo bezwen an, te nan tèt lòt yo tou, pa sèlman Allen ak Andre.

Kovrich, ki natirèlman timid, pale an premye. “Hey mesye”. Nou la pou nou fasilite lavi nou.”

Allen te reponn, “O, se vre gason ?” Eske se osijè koze kap pale a ke nou mesye nou fè dappiyan sou gwo plastik klere yo ke nou al kache a ?” Te gen yon silans ki te dire nan lè sa te di a.

David te di, “Ok, men se pan ou li ye pou le moman. Mwen okouran mesye ke nou gen lide bati kay” Nou pral bezwen fenèt, nap vann nou plastik yo ke nap bezwen pou fè fenèt yo. Nou okouran ke nou gen lajan.”

Andre babye, li di,” em sispèk ke nou gen lide pou nou tire bon pwofi.”

Kovrich di,”Natirèlman monchè.” Si ke nou pa tire pwofi nou pap ka achte anyen pou nou ka manje, ni lwe DVD Sabetha a pou nou ta pase yon bon ti moman aswè a.”

Aktivite : Pwofesè a kapab di : Konbe nan nou la ki bezwen anpil lajan ?” Pi fò nan yo pral di ke yo ta vle sa. Pwofesè a ka di ankò : “ nou pa depaman ak rès moun yo sou tè a, paske se tout moun ki vle gen anpil lajan. Se pou sa yap travay pou tire pwofi.”

Mande nan yo pou yo èksplike sa “pwofi” ye. Yo kapab al gade chapit la oubyen listwa a pou yo ka wè sa.

Sépare klas la an plizyè ti gwoup de 4 a 8 elèv pa gwoup. “Ann gade kilès ki ka bati yon aktivite komès ki ka pèmèt pwopyetè a tire pi bon pwofi a.” Apre sa di yo ke yo dwe fè sa

yon fason ki rezonab. Ya mete 1) atik yo, 2) depans pou materyèl, 3) lajan pou peye jounalye yo, epi 4) lajan pou otorizasyon, etc. Ba yo 3 a 4 miit pou chwazi yon pwodwi. Pase nan chak gwoup yo pou konnen ki kalite pwodwi ke yo ta chwazi. Si li fè sans, ankouraje yo kontinye ak travay la. Ensiste pou yo ka rezonab. Di yo, "chèche wè konbe pwofi yo ka tire dapre konsyans yo !"

Ba yo 10 minit apeprè pou yo ka kalkile depans yo e anvizaje pwofi a, pou yon lane konsa. Yo ka petèt pral bezwen kèk minit anplis pou yo fè sa.

Mande chak gwoup yo pou yo pataje travay ke yo fè a ak klas la. Antan ke pwofesè a, ou kapab konplimante yo oubyen kritike travay la, si toutfwa yo te rezonap ou non. Aplodi gwoup sa ke ou panse ki reyalize pi bèl travay la.

Fè yo konprann ke li pa toujou fasil pou moun ka fè gwo pwofi, men se yon bagay ki posib tou. Montre yo kijan konpetisyon ak lòt moun ka anpeche yo tire move pwofi pou lontan, paske gen yon lòt moun ki ka parèt ak yon kalite pwodwi ak bon sèvis pou yon pri ki pi miyô. Ou ka fèmen diskisyon an konsa : Moun yo travay di pou yo fè pwofi pou yo gen fasilite achte sa ke yo ta bezwen ak sa ke yo vle. Gen kèk ki fè sa pi byen pase lò, men li rete ke tout moun vle tire pwofi pa yo nan aktivite komès !"

Prensip 4 : ‘‘ Fyète Pwopyetè yo’’ se lè moun yo chè mèt chè mètrès tou sa ke yo ap sèvi ak li



Demwazèl yo ap travay pou fè devan kay yo bèl. Yo se pwopyetè lakoua e yo fyè pou fèl bèl ! Sa mande anpil travay pou kenbe yon kay pwòp, ekipman yo, jaden yo, rad yo, vwati yo ak tout lòt bagay ki pou rete bèl an eta. Nou dwe pran swen bagay nou posede yo. Moun toujou renmen wè ke zafè yo rete pwòp, e yo kontan wè kijan zouti yo travay byen lè ke yo kenbe yo an eta. Se sa ke yo rele’’bon sans’’ ki lakay moun yo sou tèa. Tou sa se fyète pwopyetè yo.’’ Fyète pwopyetè’’ vle di ke lè yon moun posede yon bagay li dwe pren swenl plis pase sil te pwetel, oubyen lwel. Tou-t règ gen eksèsyonl, men an jeneral, fyète pwopyetè genyen se yon bagay natirèl sa ye.

Li vle di tou ke lèw bay yon moun yon bagay pou edel, òdinèman, li pa ba li okenn santiman ke li chè mèt chè mètrès. Dòktè Paul Polak, nan liv ki rele SOTI NAN MIZE A, (paj 35) pale konbe fwa gwoup moun kap ede yo te fè kiltivatè nan peyi kap devlope yo kado ponp pou arozaj, epi ponp sa yo al chita nan depo, yo paka sèvi ankò! Apre 2 zan, laplipa ponp yo pa travay ankò. Si pa gen lajan pèsònèl ki mete, pèsonn pa pran rèsponsablite! Konsa, lè ponp yo gate, yo pa renje yo.

Moun toujou renmen posede zafè yap sèvi ak li. Yo santi ke yo fyè, lè yo wè yap travay pou fè lajan pou achte sa ki nesèsè. Lè yo baw yon bagay, leplisouvan ou pa santi ke ou fyè twòp pase sa. Menm si lajan ou pa gwo, lè se ou ki achte bagay la ak pwòp lajan paw, sa baw plis ‘‘fyète pou posedel.’’

Ti Listwa a

Sabetha pwoche bò kote Allen, li dil :’’ Mwen tande ke ou menm ak Andre pral bati ti kay, èske se vre ? Mwen gen lajan ; mwen ta ka peye....men ak kondisyon, ke ou ka pwomèt mwen wap fè kay pam nan pi bèl pase lòt yo. Epi mwen tap renmenl nan yon zòn bon tè yo, ou konprann, anwo kote mwen ka wè lòtbò san pwoblèm.

Allen dil, ‘‘Enben’’, si wap peye bon pri, nou ka fè sa pou ou.’’

Li te di, ‘‘Wi, se sam vle, yon kay kem kapab di ki pou mwen, e kem satisfè posede. Gade, ou konnen ke se yon gran satisfaksyon pou posede bèl bagay.’’

Allen te reponn li, ‘‘Menm lè ou pran nou pou nou batil pou ou, se ou ki dwe kenbel pwòp. Kay la pral bezwen pou netwayel souvan, sankwa li pral kòmanse pèdi cham li pi devan. Konsa li pap rete bèl ditou ankò pou ka toujou renmenl !’’

Li rete kwè ke li pa fâche ak li paske li ba li konsèy sa yo. Men etandone ke li se yon dam rich ki gen pretansyon, li te panse kel te bezwen konnen ke bagay yo dwe kenbe nan bon kondisyon ak nan lòd pou yo ka rete bèl e an bon eta.

Sabetha te dil, “Natirèlman, mwen ta toujou vle pou kotem rete a toujou pwòp ! Epi se vre, mwen konnen tou kel pral mande lokipasyon. Mwen se yon fanm zuzu se vre, men mwen pa sòt ! Epi sonje, ke se mwen ki premye kliyan ou. Banm yon bon travay epi lòt moun ap vle pou travay pou yo tou.” Se toujou kòm dabitid, li toujou santil pi wo pase tout moun nan katyea, pale de li, ak lide pretansyon ke se li ki moun ki pi enpòtan nan kominote sa.

Andre te santi ke limenm ak patnèl la, Allen, ta dwe fè yon bagay ki bèl pou 3 timoun sa yo ki tap dòmi nan move kondisyon an nan avyon kraze a. Yo tou le twa te rive gen grip ak tous.

Se konsa Andre ak Allen pran nan sa ke yo te genyen, e apre 2 jou konsa, yo te soulaje kondisyon yo ak yon ti kay tanporè, men ki te kenbe chalè, yon ti kay prezantab pou yo 3. Tèa pat anpil, men li te yonn pami moso ke moun pat enterese vin fè diskisyon pou li. Toudabò yo twa a te rekonesan.

Men apre kèk senmenm konsa, bagay yo tap deteryore anpil. Yo twa a, avèk Philip kòm lidè yo, dechire kèk nan materyèl yo epi vann yo. Yo pat kenbe ti kay la pwòp, jan sa ta dwe ye. Lè yo te wè te gen kote ki koule yo pat ase onèt pou te bouche yo. Allen ak andre te fache anpil kont yo pou sa!

Andre te di:”sa se tròp atò “! Nou pap fè kado ankò! Nou te ba yo yon bèl ti kay, epi se sa yo fè ak li. Eske yo te aji avèl tankou yo se te mèt li ? Non ! Yo sèlman pati kitel !”

Allen te di, “Nou te dwe vann yo li pito, konsa yo ta sonje ke yo te peye lajan pou li,” Mwen panse ke si yo te achtel ak lajan yo, yo tap pran swenl, e nou konnen ke yo tap fyè de li kan menm”

Aktivite : Mande elèv yo pou yo rakonte yon listwa kote yo te travay di pou genyen yon bagay. Yo ka rakonte ke yo te travay di pou sere lajan pou achte yon bisiklèt, oubyen yon bròs pou tèt. Chwazi plizyè nan listwa kote yo te travay di pou genyen yon bagay yo te vle. Kòm se pwofesè ou ye, ou kapab rakonte yon listwa paw tou.

Ou ka mande yo pou yo rakonte yon listwa ke yo te viv kote yon moun te jwenn yon bagay kel pat travay di pou genyen. Li kapab se listwa yon lòt moun. Montre yo diferans ki genyen ant de sitiyasyon sa yo, kote bagay la gen plis vale lè ou achtel, ke lè se bay yo baw li.


Ede yo konprann ke an jeneral moun santi yo pi fyè lè yo posede yon bagay ke yo ta achte ak lasyè fron yo. Li sanble se tankou yo te mete moso nan tèt pa yo akote pou bagay la pandan yap travay di, pou yo genyenl ak lajan pa yo. De tout fason, fè yo santi ke bagay sa mete yon bon santiman grandè nan yo oubyen nan moman an. Pa ekzanp, gen moun ki di ke elèv yo travay pi byen nan inivèsite lè se yo ki travay pou genyen lajan yap peyea, si ta ou konpare ak sila yo ke se granmoun pa yo kap fè sakrifis pou peye klas la pou yo a.

Chèche prepare 3 desen, tankou se yon elèv ki ta fè yo; yonn se yon kay akote yon pye bwa, yonn se yon ti kay nan tèt mòn nan, ak yon ti larivyè pase bò kotel oubyen yon bagay ki ta ka pran yon elèv 15 a 20 minit poul desinen e kolore tou. Remèt twa elèv desen yo. Mete yon elèv akote e dil, lè ke ou bal lòd la, poul pran foto yo nan men 3 elèv yo epi dechire yo. Remèt 3 foto yo epi tou swit endike lòt elèv yo sa. Li al dechire 3 foto yo. Rete san fwa lè sa fèt.

Nan moman sa, anonse yo ke chak moun pral fè pwòp desen pal. Ba yo 15 a 20 minit pou sa. Fè kèk nan yo èksplike sa yo fèa epi, pou yo di pouki sa se sa ke yo renmen. Anonse elèv ki akotew la sa epi fèl ranmase kèk nan desen yo epi dechire yo.

Diskite ak yo ki sa sa vle di lèw pèdi, ki pi gran chagren pou wè saw posede pwofane, lè se yon bagay kew te fè ou menm, konpare ak si se bay yo te baw li kòm kado. Ou kapab di yo, “Lè nou santi ke nou envèsti nan yon bagay, nou pi fyè poun genyenl, se sa ki rele fyète pwopyetè yo !” Ou ka di yo tou, “Si ou bay yon moun yon bagay, pa atann ou ke li pral pran swenl tankou si se li ki te travay poul te genyenl ak pwòp lajan pal.” Pa bliye èskizew paske ou te fè dechire desen yo ke yo te fè yo, èksplike yo ke ou te vle fè sa pou te ede yo konprann prensip sa.

**Prensip 5 : Lè moun yo fè ekonomi yo gen chans pou yo mete lajan sa nan komès kap bay
yo pwofi e kap garanti avansman yo demen...**



Majik pa fè lajan grandi, men lèw sere chak jou, wi. Anpil moun ap reve jou sa kote yo pral tire anpil pwofi san ke yo pa travay. Gen kèk moun tou ki sere yon ti pòsyon nan salè yo chak senmenn ou chak mwa. Yo kòmansel tou piti piti, epi kèk tan apre, yo vin genyen anpil. Yo mete nan labank oubyen nan kòfrefò. Yo swete pou lajan sa ta vin anpil pita. Pouki sa yo vle gen anpil lajan sere?

Yo renmen gen pwofi lè yo mete lajan sa labank. Labank la ap ba yo yon pousantaj ki rele ‘enterè’, sou lajan yo depozea. Labank la kapab sèvi ak lajan sa pou fè benefis pal, epi peye mèl lajan an, labank la toujou tire pwofi pal... Moun mete lajan sere nan yon kont nan labank la, se pou yo tire pwofi (sa ki rele enterè) sou lajan yo a.

Gen kèk moun menm ki dispose pran plis riks ankò, nan lèspwa ke yo pral tire plis pwofi. Yo mete lajan yo nan kèk konpayi ki pwomèt lap ba yo plis pase sa labank la ap ba yo. Konpayi sa yo pa janm ofri sekirite ke labank ka bay. Sepandan, posiblite tire gwo pwofia toujou pi gran. Gen divès kalite riks nan fè bagay yo konsa. Chak moun chwazi kalite riks kel santil alèz avèl la. An jeneral, nou konn imajinen ke pi plis riks ke nou pran, se pi plis chans nou gen pou tire plis pwofi. Men sa pa yon garanti ditou. Anpil konpayi sa yo konn fè defisi, epi moun konn pèdi anpil lajan ke yo tap sere.

Tou-t moun èspere gen lajan ki rete apre ke yo ta fin peye dèt yo. Yo kapab serel oubyen metel nan komès. Yon komès ki rezonab ap bay mèl li bon pwofi pou anpil lane kap vini yo. Si yo sere lajan jodia, epi metel nan bon komès, lap kontinye ba yo pwofi anpil tan ankò. Sa ap rele sekirite pou yo, lè yo ta vin vye granmoun.

Ti Listwa a

Sabetha pat sèlman renmen pi bèl ti kay la, men li pat vle fè travay ditou. Li te vle parèt tankou dam tilututu ki toujou an vakans. Li te gen plan pou fè lajanl travay, ki ta kapab fèl gen anpil lajan menm sil patap travay. Se pou rezon sa li te vle fè zanmi ak Allen ak Andre tou. Li te fè lide ke yo te kapab gen chans posede yon gwo aktivite komès ki te ka bay anpil pwofi. Pat gen okenn labank nan milye yo tap viv la, konsa lide pou al depoze lajan nan labank poul ta fè gwo enterè a pat la. Se tap yon riks, men li te panse ke lidel la te bon ! Anplis de sa, li te swete genyen plis pase enterè, se yon moun ki te renmen sa ki rele gwo lajan tou.

Li te rive konnen ke marcella te gen anpil ti kòb. Li te wè sa yon jou lè valiz Marcella te louvri.

Li rele Marcella, epi li te prese al rankontrel. “Mwen panse ke fòk nou ta chita pale wi.”

“Ok, pale sou ki sa, cheri ?”, Marcella te mandel.

“Mwen pa panse ke ou ta vle rete ap travay di tout tan, tankou lòt timoun yo ap fè la, nèska ?”

“Natirèlman non, men mwen bezwen manje. Men èske ou gen yon plan sekre pou yon bagay ?”

Li te souri, epi li te dil “Petèt”. “Ou ta vle konnen plan sekrem nan ?”

Marcella te mete zòrèy li alekout, li te vrèman enterese poul te tandè sal te ye! Si gen yon mwayen pou gen manje, kay, rad ak bèl plèzi san obligasyon pou travay di, li te vle konnenl vre.

“Dim li non pitit !” Tèlman li te pran nan kouran.

“Ok, men ki sal ye!” Me sa Sabetha te dil, lèl te kòmanse rakontel ki sa plan an te ye. “ Nou chak tap sere lajan nou kèk tan anvan nou te deside al nan vakans. Mwen te fè sa chak senmenn, em panse ke ou te fè konsa tou. Gen kèk nan timoun yo ki pat panse fè sa, e vwala ke mwen menm ak ou, nou gen anpil lajan, parapò a sitiasyon lòt yo.”

“ Mwen te wèw ap pale ak Allen ak Andre, kijan yo santi yo devan tou sa ?” Marcella te mandel.

Sabetha dil, “Mwen byen kontan ou mandem sa.” “Yo pa gen anpil lajan, men yo gen anpil bèl lide sou kijan yo kapab fè anpil lajan. Yo se vanyan gason, e yo deside travay di. Yo se moun kap chèche fè lajan yo travay. Nou kapab ba yo lajan pa nou an pou yo fèl travay, konsa pral gen gwo benefis. Yo pral tire pwofi, ni nou menm tou, sèlman se yo ki pral travay. Men pou nou, ebyen, se lajan nou kap travay pou nou.”

Marcella te reponn, “Sa bon anpil pitit.” “Mwen konnen ke sa gen gwo riks ladanl, men gwo riks pafwa konn egal gwo profi tou ! Ann fèl non!”

“Men ou reyalize Sabetha ke sa pa gen garanti” Allen ak Andre kapab fè fayit nan aktivite yo a, epi nou kapab pèdi anpil lajan nou, petèt menm tout! Mwen pa swete pou sa ta rive yo, men sa pa gen asirans tankou si se labank lakay nou, nou te metel.”

Marcella di, “Se vre wi !, men pa èspere fè gwo enterè 5 a 8%, men nou pral fè lajan !”

Konsa yo te al pale ak Allen ak Andre. Yo te kontan anpil pou yo te mete lajan yo ap travay pou yo fè pwofi san ke yopa travay di.

Aktivite : Chèche 2 elèv ki kapab jwe wòl la, epi fè yo vini devan klas la. Fè yonn jwe wòl ‘moun pòv’ epi fè lòt la jwe wòl ‘moun rich.’ Mande klas la, ‘Eske yon moun pòv ka oze mennen zanmi al manje ?’ Ou ta mèt atann ou ke repons la pral non.

Eksplike yo, se paske li ponko menm asire kel pral jwenn yon asyèt manje pou tèt pal. Mande yo eskel gen ti lajan sere. Yo pral diw non. Mande yo si moun rich la gen lajan sere. Yo pral diw wi.

Mande klas la èske yo panse ke tou le de moun yo, ni sila ki pòv la, ni sila ki gen lajan an, ta renmen genyen ase lajan labank pou ke yon jou yo rive pa travay. Anpil nan elèv yo pral diw wi. Mande yo si moun pòv la ka gen posiblite pou sere yon ti lajan. Yo pral diw non.

Pou fini, ou ka di yo, ‘Se sèlman lè moun gen lajan pou sere yo ka gen chans pou metel nan aktivite komès pou yo ka tire pwofi pi devan, san ke yo pa travay ! Si ou kapab gen lajan pou sere sa enpòtan anpil !’

****** Kondisyon ki nesèsè pou Komès******

Prensip 6 : Pratik lalwa enpòtan anpil, sa pèmèt travayè yo, pwopyetè yo ak sila yo kap fè biznis konen ke lajan yo mize nan komès la jodia gen anpil garanti ak sekirite demen.



Lè moun kap fè lajan yo travay fè yon kontra pou 9% pwofi, li vle sèten kel pa ta dwe chanje pou 5% pi devan. Règ lalwa se sa ki anpeche sa rivèl. Jij yo se otorite ki la pou pwoteje dwa tout moun. Si yon moun fè kontra ak yon lòt pou yon travay kote yo dakò peyel 9 dola pa èdtan, li vle sèten ke pèsonn paka chanjel pou 7 dola, apre kel fin fè jefò ak depans poul ta mete fanmiy li nan nouvo kote li pral travay la. Si yon moun gen antant ak gouvèman pou bati faktori nan kondisyon gouvèman an ta vle, li vle sèten tou ke gouvèman an paka chanje antant la sou li pita, pou vin dil kay yo ilegal.

Règ lalwa se sa ki pwoteje travayè yo, pwopyetè yo, ak tout sila yo kap mete lajan nan aktivite komès pou kondisyon yo pa chanje nenpòt ki lè sou yo. Règ lalwa edew prevwa sak ka pase demen. Moun ap pran riks fè aktivite komès, oubyen deplase fanmiy yo nan yon lòt zòn kote travay peye pi byen, denpi ke yo sèten ke pèsonn pa ka fè kòken konsa konsa. Règ lalwa di ke moun kòken paka vin chanje antant yo sèlman paske lap nan avantaj yo.

Règ lalwa yo di tou ke yo dwe aji ak tout moun menm jan. Ke li pa legal pou peye yon gwoup moun yon kantite lajan pa èdtan pou ranmanse fwi, oubyen pou travay sou machin nan faktoria, epi peye yon lòt gwoup yon lajan ki pi ba pou menm travay la.

Nan peyi kote ke se lalwa kap gouvènen, sikilasyon lajan toujou byen òganize, el bay avantaj tou. Li toujou illegal pou peye yon otorite pou kapab jwenn favè. Lè ke yon biznis pa satisfè prensip enspèksyon pou sekirite, li pa dwe peye enspèktè lajan anba, alòs ke lap ekzije yon lòt obsève prensip yo. Pita, li ka wè konsekans sa ka pote. Règ lalwa anpeche gen kòripsyon.

Ti Listwa a

Lè ke Allen ak Andre te rankontre ak Sabetha a, Marcella, Kovrich ak David te déjà gen yon lide nan tèt yo, pou yo pwoteje tèt yo ak pwofi yo kapab fè pi devan. Yo te deside travay di, menm ovètay pou ke aktivite yo a ka gen siksè, men yo te vle asire yo tou, ke moun ki taka dwe yo pral peye yo. Yo te konnen ke ta kapab gen kòken nan jwèt la pi devan. Se pousa, yo te chèche wè ak notab yo ak lèspwa ke yo taka jwenn yon desizyon pou ede yo pwoteje tèt yo pi devan nan biznis la.

Pou fè plèzantri, Andre te di, "Nou menm ak pifò timoun isit la fè nou kanfyans mesye dam, men nou ta vle konnen ke nou TOUT dakò pou rèspèkte liyn prensip yo. Nou pata vle ke pita gen kòken ki ta fèt, pou ba nou kout ba nan lajan an. Nou swete ke gen lalwa ki la pou di kijan sa dwe fèt. Konsa, pèsonn pap gen pou ta vin fè abitrè, epi chanje lide yo ! Nou pa vle fè bagay yo ak santiman, paske sa chanje twò souvan."

Allen te di tou, "Se pa pou nou sèlman sa ye." Timoun yo ke nap angaje yo, ni moun ki fè materyèl nou pral itilize yo, nou tout ta vle asire ke antant ke nou genyen ant nou lane sa ap toujou rèspèkte pi devan."

Kovrich te cho poul pale, "Pèsonn patap renmen ke pou David ak mwen ta fin prepare fenèt sa yo epi pou yo moun ta pran yo la san ke yo pa peyen ! Mwen kwè ke prensip enpòtan, sankwa se traka"

David te di tou, "Chak moun dwe jwenn opòtinite pal." Apre sa li gade Sabetha, men gen lè pèsonn pat remake sa. "Si gen lalwa, moun kòken yo paka vin chanje bagay yo, paske sa ap nan avantaj yo. Se lalwa ki pou kòmande ! Yo pral oblije rèspèkte sa lalwa di !"

Sabetha ak Marcella te dakò pou gen prensip lalwa konsa lajan ke yo te vle mete nan biznis la ta kapab asire pwofi. Ya pat swete wè bagay yo ta chanje nan rout, pou yo pa pran sipriz demen !

Marcella te di tou, "Sa fè anpil sans." Lèm fè yon antant jodia, mwen swete wè lalwa kanpe dèyèm pou pwoteje sam genyen demen. Met nan tèt nou kem chwazi kenbe lalwa, paskem pata vle wè ke pèsonn vin vire bagay yo apre kem fin pran tout riks sa yo."

Sabetha bò pal te di, "Mwen gen lòt rezon ki fèm bezwen lalwa." Kote gen lalwa tout bon pa gen plas pou kòripsyon. Mwen konnen sa, paskem te nan alantou granmoun mwen yo ki tap fè komès, kòripsyon fè tout bagay koute chè. Li favorize anpil magouy. Mwen pa tolerel ! Li pa gen plas kote bagay serye ap fèt !"

Apre sa yo te deside vote. Yo tout te dakò. Yo te deside mete sou pye yon kominote kote se lalwa ki sèl abit la. Tout sa yap fè pral mache anba desizyon lalwa.

Andre te di, "Alò, li ta sanble ke nou dakò pou gen lalwa vre !" Nou finalman deside pou se ak lalwa nou jere ti antant nou yo isit la ! Se byen. Mwen panse ke sa ap pèmèt nou avanse pi byen !"

Ak lide sa yo, yo te fin pale pou aswe a. Chak moun te kontan. La, nan ti kote yo tap viv la, ki te lwen peyi yo pandan lontan, e petèt pou anpil ankò, yo te gen yon zouti nan men yo pou yo te avanse. Prensip lalwa pap sèlman fè ke kondisyon bagay yo ale mye pandan yap fè aktivite komès antre yo nan kominote a, men tout moun tap satisfè tou. Pèsonn pap ka mete lalwa anba pyel pou règle pwòp zafèl nan avantaj li !

Ou te ka santi ke tout moun ta motive kòm kwa' nou pral fèl fwa sa ! "Nap mete men ansanm, bay lòt rèspè yo, fè biznis pou gen travay ki reponn a bezwen nou genyen chak jou. WI nou ka fè sa !"

Aktivite : Gen de pwen nou ka fè pas la dapre prensip sa : Règ lalwa ; 1) evite ke nenpòt moun vin chanje bagay yo abitrèman pou pwòp avantaj pal ; epi 2) evite tout fòm de magouy ak kòripsyon ki pral koute nou chè.

Di elèv yo, yo pral jwenn kado, si omwen yo ka ekri non 10 peyi (5 ou 6 tou) nan yon ti moso papye nan 1 minit. Lèw fin èksplike yo kijan pou yo ta fè sa, di yo, "Kòmanse tou swit" Ba yo 1 minit, apre sa, di yo, " fini." Konbe nan nou ki gen tan fini ?" Wap jwenn kèk nan yo ki gen tan fini. Se pou di, " woy se pa sa, mwen te chanje lidem ! Mwen pral sèlman bay kado si nou ta ekri 25 peyi pito." Sètènman yo pral plenyen ba ou. Se pou ankouraje yo plenyen menm. " Esken panse ke sa nòmal ?" Nou vle pou prensip toujou rete menm jan ? Pouki sa ?"

Apre sa ou mèt di yo, "Mwen te vle fèn sonje sa prensip 6 la di : li pa kòrèk pou nou ap chanje lwa yo pou fè kòken. Lè yon sistèm pa dwat, moun pap vle viv ladan !" Bay ti kado yo, tankou yon 10 kòb konsa, oubyen pase men nan do yo ak konpliman, a sila yo ki te gen tan fè sa.

Di yo, " Mwen ta vle atire atansyon nou ankò sou prensip 6 la toujou." Di yo ke ti plèzantri sa ap pretann ke yo paka kenbe lajan an. Pran de elèv fè yo jwe wòl de ti ganmè ki malad. (tankou yo chita nan chèz devan klas la epi yap fè tankou yo malad) Fè yon lòt elèv vini pou pran pòz li se yon "move" bizisman. Li gen medikaman pou vann. E, se kalite medikaman sa menm ke granmè yo ta bezwen pou yo ka viv pi lontan toujou.

Pale tou ba nan zòrèy yonn nan granmè yo pou avètil kel gen sèlman 30 dola li ka depanse. Al di lòt la ke li gen 40 dola poul depanse. Pran elèv ki move bizismann nan akote, èksplikel tou piti, kijan poul jwe wòl pal la.

Konnyèa, mande fo bizismann nan poul fè ale vini ant granmoun yo poul ta mande yo konbe chak ap bali pou medikaman an (pri nòmal la se 15 dola). Se konsa pri a ap monte pandan yap negosye pou yo chak ta peyel ti kòb anba, yon jan pou yo ta tepel anba anba. Se konsa move bizismann nan bay medikaman an a granmoun sa ki te ofril pi gwo kòb la !

Mande yo èske sa se bagay ki kòrèk ? Eske sa pa fè ke pri bagay yo monte pou ganmesi ? Eske sa sepa abize lòt moun ? Menm si sa fè zafè kèk moun, èske yon atitid konsa ede sosyete a fonksyone byen ?

Prensip 7 : Lè gen bon kondisyon sa pèmèt tout moun kap mize lajan yo nan komè kalkile sou bon pwofi pou demen.



Nan tan kote sete bato yo sèlman ki tap vwayaje, komèsan yo, ki te panse ke kondisyon bagay patap chanje, te bati gwo bato tankou sila. Se sak fè ke yo te kouri riks mete lajan yo nan aktivite sa. Lè pa gen traka nan komès la, moun ka fè anpil lajan. Toutotan kondisyon bagay yo pa chanje, yo ka transpòte manje toupatou.

Jodia nan tan modèn sa yo, yon travayè ka pran riks poul achte yon oto ak sa lap touche. Yon moun tou kapab decide kouri riks pou mete lajanl nan yon komès. Moun pran riks, se lè ke yo panse ke yo pral tire pwofi ladanl. Lè kondisyon ekonomik yo ankourajan, li posib pou fè kalkil sou avantaj demen ap pote. Lè ke kondisyon yo ta vin tèt anba tou, ou pa ka fè kalkil sa yo! Lè pwofi a sèten, ni travayè, ni mèt komès, ni moun kap fè biznis yo ap pran riks pou chèche tire pwofi. Ke se travayè, bizismann yo, oubyen mèt biznis yo tou, yo pale de yo nan ekzanp ki bay pi ba a.

Lè yon bizismann vle mete kanpe yon izin, li achte tè kote poul fèl. Antan ke mèt biznis la, li gen poul peye pou yo fè enstalasyon, ak wout yo tou. Li gen poul peye anpil poul gen kouran ak sèvis telefòn nan biznis la. Apre kel fin fè tou sa yo, li dwe aprann tout règleman travay poul konnen kijan poul anplwaye moun ki konen kijan pou mete tout bagay an plas. Li pran kontak ak avoka ni kontab, yon fason poul asirel ke li fè tou sa lalwa mande lè wap bay moun travay, ni jere kòrèkteman. Antouka, nan lidel, lè li depanse tout lajan sa yo, se dapre kalkil li fè kel ka tire pwofi.

Nan ka kote tout bagay ta vire tèt anba tou, tout kalkil li yo pa vo anyen. E si travayè pa mete pye, oubyen ke pwodwi a ke li pral mete deyò vin koute pi bon mache lè ke yo ta fèl soti nan lòt peyi, oubyen chèf yo ta mandel poul peye anba pou yo ka bal ‘‘pwotèksyon’’, oubyen tou taks poul peye yo vin defwa lavalè, tout kalkil pwofi li te fè yo pa kanpe sou anyen ankò ! Pou ke kalkil sou pwofi li a ka gen sans, se kondisyon bagay yo ki pou rete nòmral.

Ti Listwa a

Sa fè ke Andre ak Allen te yon ti jan soulaje apre rankont sa. Se prensip lalwa ki pral gouvènen, e yo te satisfè anpil. Lalwa se pi bon patnè pou yo, poutèt ke yo pral fè biznis, pwomèt lòt moun bagay, epi gen moun ki pral dwe yo lajan. Se lalwa ki pral pwotèksyon yo.

Alen te pale ak Andre konsa, ‘‘ Bon, mwen pa konnen non !’’ ‘‘Si nou gen prensip yo, gen lè nou ka fè bon biznis isit la wi, men si ta gen yon mirak ki fèt epi yo ta vin chèchen, nou ka rive pèdi aktivite bati ti kay yo !’’

Andre te serye lèl te reponn li konsa, "Paskew se yon gwo bizismann, ou ta swete ke nou ta rete toujou pèdi bò isit la nèt ti papa!"

Allen te reponn, "O non, mwen pat vrèman wèl konsa." "Men nou pa bezwen pou anyen vin deranje aktiviten tou. Pou le moman, nou gen kèk klyan, se pa vre."

Andre te dil, "Wi, nou genyen yo." "Mwen ta vle di ke sa ka chanje yon jou. Nou kapab nan traka. Ki sans sa tap gen pou nou ta gen prensip lalwa pou pwoteje biznis nou, epi pou nou pata gen klyan pou fè kontra ak nou ! Nou pral bezwen yon kantite klyan pou ba nou kontra yo, men se pa tankou gwo van ti lapli pou sa ta ye !"

Allen te di ankò, "Se ekzakteman sa kap toumante lèsprim." "Lèm ta ka wè pwofi nou klè mwen ta ka deside pran riks. Men nou pa ka swete wè bagay yo ap chanje tout tan, sa fè ke li ap toujou enposib pou nou kalkile kijan bagay yo pral ye pou nou. E sa kap pi grav, nou pap kapab fè kalkil pwofi pa nou yo non plis."

Yo te deside rankontre ak gwoup la ankò pou pale de ki fason yo te kapab kenbe kondisyon bagay yo san traka, konsa yo ta kapab fè bon jan kalkil.

Fwa sa Sabetha pat pale, se yon lòt ki te pran plas la. Li te déjà konnen ke poul vin gen lajan janl te swete a, fòk bagay yo pap chanje tout tan. Si kondisyon yo ta re te èstab, yo ka fè plan, aplike yo, epi tout bagay tap soti jan ke yo ta anvizaje sa. Lap kalkile sou richès la, men tou, se si pa gen okenn gwo tèt chaje ki ta rive. Li pat pale ditou, se yon fason poul pat atire atansyon pèsonn moun sou lide kel ta anvi vin rich la.

Aprè yon ti kiskisyon, David te di, "Enben, Kijan poun fè gen kontwòl lanati a ? Nou ka bay yon lide sou sa ?"

Pèsonn pat gen lide sou kijan sa taka fèt.

Li te di, "Ann aksèpte bagay yo konsa." "Twòp move sezon ka fè ke pa gen kay ki ka bati pandan kèk senmenn, petèt sa ka pran kèk mwa tou."

Yo konnen kel te gen rezon. Tanperati a ka chanje nenpòt ki lè li vle, pèsonn paka prevwa sa lap ye ! Gwoup pa yo a te fikse yo tou dabò sou pwojè bati kay yo, konsa yo ka fè lajan. Si antrepriz bati kay la ta echwe, tout rèv yo tap anglouti tou.

Anfen, Kovrich te fèmen ti pale a konsa, "Desideman, nou ta bezwen bon kondisyon ki èstab pou biznis nou ka mache byen. Nou ka chèche yon fason poun gen kontwòl kantite kay moun yo bezwen. Nou ka fè tiraj osò poun konnen pou kilès nap bati mwa sa, yon lòt tiraj pou mwa kap vini, etc. Bezwen kay sa pral mande anpil maetryèl, otan kay kap bati, se otan travayè nap bezwen tou."

Marcella te di, "Epi nou toujou gen poun viv ak sipriz lanati yo ! Sa se pa yon bon bagay pou biznis ditou."

Epi, li te gen yon dènnye bagay ki te pase nan tèt li, li te di, ” men lèm gade byen ke kondisyon sa yo kap afèkte biznis la yo èstab kan menm, mwen wè ke nou ta kapab kalkile pwofi yo. Mwen di, ann avanse kan menm ak lèspwa nap fè pwofi.”

Aktivite : Mande elèv yo pou yo pale de kèk sitiasyon ki fè ke pri yo ka chanje. Pwofesè a kapab dirije yo ak kèk ekzanp : ”si lamwatye nan bèf kap bay lèt yo pa manje byen, èske sa ap deranje pri lèt la (demand la pa chanje, pandan pwodwi a ralanti a mwatye) ? Pouse yo pou yo ka reflechi sou kèk lòt ka ki ka deranje pri yo.

Aprè kèk ti diskisyon, mande yo èske sa pa tap deranje yo pou yo ta riske lajan yo nan biznis si yo konnen ke pri yo ap varye anpil, akòz de ekonomi an ki tèt anba, monte desann tout tan ! Yo pral sètènman diw non, paske monte desann sa pote twòp riks ! Fè yo wè tou ke 1) pèsonn pap mize lajan yo, 2) mèt biznis pap janm agrandi biznis yo, epi 3) pap gen nouvo biznis kap louvri pòt yo non plis, san ke kondisyon yo pa èstab ki montre ke yo taka fè pwofi.

Kòm devwa pou yo fè lakay yo, mande yo pou yo jwenn yon atik, oubyen yon nouvèl ke televizyon ou radio bay, sou yon bagay kèlkonk ki gen tankou 1) enfliyans pozitif oubyen 2) enfliyans négatif sou yon ekonomi ki èstab. Se pou yo pataje sa yo jwenn nan radio oubyen nan televizyon an, epi di klas la pouki sa ke yo panse ke sitiasyon sa pral mal enfliyanse yon ekonomi ki èstab.

******Mete travay sou pye******

Prensip 8 : Lè bizisman yo mize kòb nan fè komès anpil fwa yo konn bezwen lajan prete (kapital) pou yo kapab remèt pa ti moso jiskaske yo fini peye



Anpil moun pa gen ase lajan (kapital) pou fè fas a tout depans ke sa mande pou mete yon biznis tou nèf sou pye. Nan anpil biznis, mèt yo (antreprenè yo) ap bezwen yon kote, yon bout tè, transpò, zafè pou biwo, ekipman yo, ak moun ki gen metye tankou kontab ak avoka tou. Nan kèk peyi menm, yo ka gen pou yo peye lajan anba tab, pou fasilite yo derape. Lèw mete tout sa yo ansanm, li monte anpil lajan ! Si yo pa gen lajan, ki sa yo ka fè ?

Antreprenè yo kapab al labank pou mande prete. Yo ka ba yo 5, 10 e menm 20 lane pou yo remèt. Labank la poze yo anpil kesyon anvan. Eske gen yon plan ki di kijan biznis la pral mache pandan 3 a 5 lane kap vini yo ? Eske ap gen bon pwofi ? Eske moun kap prete a pran rèsponsablite poul peye bank la ? Eske li gen bon pase déjà ki montre ke li rèsponsab ? Si pou tout bagay sa yo li reponn ‘wi’ labank ka pretel lajan ke li bezwen an ak gwo enterè, konsa labank la tou ka tire pwofi.

An di ke antreprenè yo kalifye pou 75 mil dola konsa ak yon enterè ki nan 9% chak lane, pou yo peye pandan 10 zan. Ak lajan sa yo kòmanse biznis la. Men se ladanl pou yo pran lajan chak mwa pou peye bank la. Yo gen pou travay di anpil pou biznis la fè pwofi, yon fason pou yo ka peye travayè, achte sa ki nesèsè tankou materyèl yo, jwenn pou peye bank la, epi pou yo menm tou ka jwenn. Yo patap janm ka louvri biznis la si se pat lajan ke yo prete a. Ak pwofi ke ya fè, yap peye bank la chak mwa, plis yo benefisye tou.

Ti Listwa a

Allen ak Andre te gen depans pou yo fè, men yo pat gen lajan ! Pat gen labank nan zòn nan kote avyon an te kraze a.

Sa tap tripote Allen anpil, lèl te mande, ‘Ki sa nou pral fè ?’ Li menm ak Andre, yo tou lè de te konnen ke yo pral gen pou peye salè, pou yo peye pou plastik yo pral bezwen, lajan pou atire kliyan yo, ak anpil lòt bagay ankò. Si yo vle fè wè ke yo ka mennen biznis, yo dwe fè sa ak konpetans. Yo dwe gen bon lide ke yo ka aplike anvan yon lòt moun ta fè sa. Yo te vle pran devan. Sa mande lajan.

Andre te di, "Nou tou le de konnen kilès ki gen lajan...Sabetha ak Marcella ! Nou ka rele non yo 'Moso Lò' e 'Sak Lajan', paske se yo ki sanble ak sak ta pi pre yon bank ke nou gen isit la. "

Allen te ri koze a, sa fè zanmil la te gen yon lòt figi."Ou gen rezon Andre. Nap oblije ale kote Mis "Moso Lò" ak "Mis Sak Lajan" tankou granmoun nou yo te ale devan labank, chapo nan men yo, lè yo te bezwen lajan pou louvri biznis."

Andre te dil, "Se vre." Mwen panse tou ke sa ka mache pi byen, si nou itilize bon non yo, nen mwen dakò. Nou ka tann jiskaske lajan soti tonbe nan syèl la, oubyen nou ka ale al prete pou nou kòmanse biznis la."

Allen te di, "Men ou konnen ke yo ka pozen anpil kesyon", Yo pral chèche konnen si nou ka reyisi nan sa nou vle fè a, anvan menm ke yo mete lajan yo deyò !"

Andre te reponn, "Mwen paka blâme yo ditou pou sa." Epi malgré tou, sa pap deranjen poun ta prezante yo yon plan ki pral di ki kote ke nou ta vle ale, èspesyalman ak lajan moun ke nou pral itilize a, eke nou gen pou remèt la."

Allen te di, "se sa, epi tou nou dwe pridan anpil. Nap gen pou peye tout dèt yo chak mwa, e fòk nou ta peye BBB ! Epi apre tou, mwen èspere nou ka gen kichòy ki rete pou nou, se sa ki rele fè biznis tande !"

"Sak pase ak lajan moun yo ?" Andre te mandel. "Gen lè foli déjà ap montew sou mwen la ?"

Allen te reponn li, "Non, mwen pa fou zanmi." "BBB vle di," Bout Lò nan Sachè kòm labank!" Yo te ap fè plèzantri sa konsa, epi apre sa, yo te ale kote medam yo pou yo te jwenn lajan an.

Aktivite : Mete nan tèt elèv yo prensip ke fòk ou gen anpil lajan (kapital) pou ka louvri yon biznis. Mande yo pou yo ka devinen kisa sa ap koute pou louvri yon shop mekanik pou okipe oto ak kamyon. Ede yo pou yo ta deside kisa sa ap koute pou achte oubyen bati yon kay, achte tè ak enstale ekipman nan garaj la, pran anplwaye, eksetera. Pran lide ki kòrèk yo. Ede yo chèche konnen sa sa koute pou louvri lòt kalite biznis ki ka nenesè nan zòn nan tou. Lide a se pou ede yo wè ke sa pa yon mens zafè pou louvri biznis.

Mande yo :" Konbe nan nou la ki gen lajan \$___ ?___ (kèlkeswa montan an ke klas la ta deside chwazi a) pou louvri yonn nan biznis sa yo nou sòt di a ? Anpil ap diw yo pa genyenl. **Mande yo,"** Si ou ka prete lajan nan labank, ki jan de kesyon bank la pral pozew ? Kite yo bwase lide yo sou sa. Ou ka ekri sou tablo a tout kesyon ke yo ta di yo. **Asirew ke yo konprann sa kap fèt la : fè yo konnen ke labank la ap pwoteje enterèl ; paske li pap vle pèdi lajanl !**

Anfen, fè kòmantè sou kijan yap remèt lajan sa. Ede yo kalkile enterè chak mwa sou lajan yo prete a pou louvri garaj la. Lè ke yo finn devinen, ou ka montre yo sa ak yon kalkilatè si ou menm oubyen yo elèv abitye sèvi ak sa pou kalkile enterè pa mwa ak dat pou peye a.

Nan ka kontrè, men kijan sa fèt. Si montan lajan ou prete a se ta 300 mil dola pou yon enterè 8%, pou 20 lane konsa : lèw ta mete kapital la ak enterè yo pou fin peye lajan sa nan ventan (20), ou gen pou ta mete 2 mil 509 dola chak mwa sou lajan an. Antou, total pou peye a, kapital ak enterè mete ansanm, li pral vini koutew apeprè 600 mil dola pou 20 tan an. Pa bliye ke ou gen pou ajoute 2 mil 509 dola sou lajan an chak mwa. Sa kapab fè yo etone anpil ! Paske lajan an ta kòm dwa vin double. Sepandan, se pou raple yo :’’ si ou pa prete lajan, ou paka louvri biznis. E si ou pa louvri yon biznis, ou pap janm ka tire pwofi.’’

Finalman : prete lajan se yon bagay ki koute anpil, men, lap bay satisfaksyon nan pwofi wap fè lè biznis la ap mache byen !

Prensip 9 : Pou ka gen travay se le komès ap grandi ou byen lè nouvo komès pran pye



Laplipa de moun jwenn lajan paske yap travay. Ki sa ki louvri tavyay ? Travay louvri se lè ke mèt yon biznis agradi biznis la. Pa ekzanp, imajinen yon biznis kap fè tab ak chèz. Li anplwaye twa travayè ak kèk moun tanporè ki pou vann. Pita li ta deside ke li ta vle fè kabann tou. Men moun ki la yo déjà okipe nan fè chèz ak tab yo. Li dwe anplwaye lòt moun ki pou fè kabann yo. Li rive mete moun kap vann yo anplwaye paske yo ta gen plis bagay pou yo vann. Apati ekzan sa, nou wè ke genyen 2 anplwa ak moso ki kreye, paske mèt biznis la te deside mete plis bagay ladanl.

Gade imaj yo. Bizismann sa te kòmanse fè balon pou football sèlman. Sa te vin bon pou li anpil, e li te deside pou agrandi biznis la. Li te deside fè ‘paten’ mete nan depol. Li te vin fè plis lajan e li te anplwaye pi plis moun pou travay. Finalman, li te fè ekipman pou timoun ka jwe, ap vann bagay pou timoun yo ka glise sou li. Chak fwa li laji biznis la li te kreye nouvo anplwa.

Lè yon nouvo biznis louvri sa pèmèt gen plis travay tou. Pa ekzanp, bizismann sa kòmanse yon biznis pou fè rad pou vann. Anplis lajan pal, li te prete labank tou. Li lwe yon kay ki te vid nan vwazinaj la, e li anplwaye kèk travayè pou pentirel, pou mete fenèt, epi ranje kouran an. Li achte machin a koud ak lòt zouti ankò. Li kòmanse tou piti. Li ka ogmantel pita si bagay yo mache byen pou li. Li gen yon moun ki la an atandan pou okipe machin yo, kay la ak chofè pou al pote machandiz la bay kliyan yo. Li anplwaye yon moun pou kontwole aktivite lavant la chak jou. Gen ankò 4 machin operatè ki pou fabrike rad yo. Konsa li kreye 5 nouvo djòb ak moso nan biznis li a.

Men li pa kanpe la. Nèg kap fè reparasyon yo te gen yon djòb pentire, ranje kouran ak netwaye fenèt yo pou yon ti tan. Lè sa, antreprenè sa te ede izin kap fè machin a koud, yo paske li te achte nesite nan menl. Labank la tou te vin gen djòb anplis pou travayèl yo kap kontwole dèt ki deyò. Lè gen biznis kap elaji epi gen sa kap louvri, tou sa kreye travay pou moun ki gen metye.

Ti Listwa a

Marcella te gen menm konpòtman yon rèsponsab labank ta gen. Anpil kèsyon ! Li te deside asirel ke Andre ak Allen te ka jere biznis la kòm sa dwa. Li te konseye yo pou ke chak mwa yo peye atan, jiskaske manman dèt la ta fin peye nèt ! Finalman, li te satisfè, e li pat poze lòt kesyon ankò. Andre ak Allen te santi ke li te poze yo tout kalite kesyon ki genyen. Yo te bouke reponn !

Sabetha te dil, "Ou pa bezwen fache ak Marcella", se paskel pa vle pran twòp riks ak lajan an. Nou ta vle wè nou grandi nan biznis la, paske sonje, ke si nou grandi, nap grandi tou."

Menm si se pat sa vre, Andre te eseye bal enpresyon ke kesyon Marcella yo pat fèl sezi.

"Allen ak mwen te déjà prevwa tou sa yo. Nou te déjà kalkile ekzakteman a kisa premye lane biznis la ta dwe sanble."

Poul pa rete andeyò konvèsasyon an, Allen te di, "Mwen te fè yon lis de tou sa ke nap bezwen e ki sa yap kouten tou. Apre, mwen te gade salè travay yo. Mwen te menm kalkile konbe lajan nap gen pou peyew chak mwa... epi kalkile pwofi pan tou."

Avèk yon ti souri, Andre te di, "Mwen panse ke sa reponn tout kesyon ou yo !"

Men Marcella te gen yon dènye kesyon pou yo !

"Eske nou te janm panse kijan nouvo biznis sa ta kapab ede timoun yo bò isit la ?" Li te fè yon ti silans, epi li te ajoute, "Se yon reyèl sèvis ke ni nou menm, ni Sabetha ak mwen ap rann yo. Louvri nouvo travay ap mete djòb nan kominote a."

Allen te di, "Mwen pat konnen sa." Se kijan pandan nap fè lajan nou kapab ede lòt yo ?"

Sabetha di tou ba, "Enben, poum di sa ki vérité, mwen vle fè lajan, men mwen pat tèlman kalkile twòp de lòt timoun yo non."

"Gade non, timoun yo bezwen travay." Allen ak Sabetha te toujou rete bèkèkè, se konsa Marcella te deside bay plis èksplikasyon.

"Yo ta dwe jwenn yon bagay ke yap fè, ki pou ta ede yo pa anniye kò yo twòp nan kabann nan. Men, sa ki pi enpòtan an toujou, sèke yo bezwen gen lajan, e si se pa nan lajan sa ke nou te gen lè avyon an te kraze ak nou an, alò se ta yon lòt bagay ki ta sanble ak lajan."

Aktivite : Mande elèv yo, "Konbe nan yo la ki ta renmen louvri yon biznis tou nèf." Si kèk nan yo di ke yo ta renmen sa, chèche fè tout klas la patisipe nan desizyon konbe djòb ki ta ka louvri. Panse a kèk djòb pou yon ti tan ki ta ka kreye travay ; tankou pentire, chapant, fè enspèksyon etc. Ede yo kalkile apeprè konbe posisyon konsa ki ta ka bezwen, e ki sa chak ta dwe fè. Pran lide plis pase 3 elèv, diskite sou yo pou wè konbe anplwa yo chak ta ka ofri.

Ou ka mete 2 a 3 elè nan yon gwoup epi fè chak gwoup planifye yon nouvo biznis, epi fè yo èksplike klas la konbe anplwa sa tap ofri.

Elèv yo ta dwe rive konprann ke si pèsonn pa reyalize nan biznis, oubyen si pa gen nouvo biznis ki louvri, pap kapab gen travay ki kreye.

Lòt Aktivite : Mande yo chèche nan jounal pou yo jwenn atik ki pale de nouvo biznis ki louvri, oubyen sak te la ki grandi nan zòn nan. Mande yo pou yo mete sa sou papyè, oubyen pou yo ta vini ak atik la nan klas la pou yo diskite. Konsa yo ka kalkile ki kantite nouvo anplwa ke nouvo travay sa yo gen lide ofri. Yo ka rele mèt biznis yo antreprenè/pwopyètè, epi chèche konnen konbe anplwa ki pral genyen. Yo te kapab mande tou ki nivo yap bezwen nan men moun ki pral anplwaye yo.

Prensip 10 : Mwayen fasil pou jwenn kapital se yon nesosite pou fè lekonmi grandi



Tankou nou te wè sa ak izin rad la, lè yon moun ap grandi nan biznis, sa pèmèt lòt moun benefisye. Siksè se bagay ki etann kòl byen lwen ! Si yon jadinnyè ranmase anpil legim poul vann, li ede moun ki gen makèt la ki bal yon ti kote poul ka vann legim yo. Li fasilite elvè kote li achte plant yo, ni biznis kotel achte semans yo. Aprel ta fin vann legim li yo, li depanse lajan an e anpil lòt moun benefisye. Lèl ta achte rad pou lakay li, moun ki fè rad la benefisye. Lèl ta achte yon radio, magazen an benefisye. Si li ta deside achte yon system ponp poul gen plis kapasite pwodwi, kote kel achte la benefisye tou. Lè sa, lap gen plis legim poul ka vann, epi plis lajan pou depanse. E ankò menm, pi plis moun ka benefisye!

Grasa moun tankoul, ni izin yo, ni magazen yo ak elvè yo tou ka gen posiblite peye anplwaye pa yo. Anplwaye sa yo menm bò kote pa yo, pral depanse lajan sa nan lòt magazen ak izin. Sikilasyon lajan fè ke mèl travay yo ka kenbe anplwaye yo, epi tou bay lòt travay.

Pa gen yonn nan sa yo kap kapab rive fèt, si madanm nan pa ka jwenn lajan pou prete poul achte semans ak plant kel bezwen yo! Labank ki nan foto a gen kèl kontan. Eskew ka devine pouki sa? Sa ta vle di ke labank la fè bon zanmi ak sila yo kap louvri travay, e ki bezwen lajan prete pou fè biznis yo mache. Se la tout bagay kòmanse ! Anpil moun gen bèl lide pou fè lajan, men dòdinè yo pa gen ase lajan pou yo ta kòmanse. Konsa yo bezwen lajan prete pou yo kapab derapel.

Lè moun ka deside prete lajan pou derape komès yo, se la nouvo biznis pral louvri epi opòtinite travay pral kreye. Se pa yo tout ki pral reyisi, men gen kèk kap rive. Si ke yo pa gen avantaj pou prete, lide ke yo te gen pou fè lajan an pap janm ka jèmen. Nan sans sa tout moun ap pèdi. Lè moun ki pa parese, e ki dinamik ka jwenn lajan prete pou fè biznis, se ekonimi an kap grandi !

Ti Listwa a

Andre te pale konsa,” Mwen panse ke nou kapab, epi, yon ti jan...nou konpran, mete deyò pi plis lajan pou ajoute sou sa ken te gen lè avyon nou te kraze la a. Nou ta vle sa vin ofisyèl, nou ka mete yon komite pou sipèvize sa kap fèt la, epi kontwole jan lajan an ap separe tou. Sa tap reprezante valè ken mete sou kominote a denpi lèn te rive isit la. Sa ta fè ke nou pata bezwen ap trennen bagay dèyen, nou ta ka depanse lajan an pou nou achte sa nou ta bezwen yo.”

Marcella te reponn,”wi, se vre” “ manyen lajan casch toujou pi bon pase fè echanj pwodwi, e tout moun konnen sa. Men èskem ka retounen sou sam tap di anvan an ?”

Andre yon lòt fwa ankò te fatigue ak koze Marcella yo. Li te panche tèt li epi li te fè silans.

“Tankoum tap di nou”, se Marcella ki tap pale, “Kèk nan timoun yo ki pa jwenn travay pral pran chans pou genyen nan lajan an, nouvo ou ansyen, pou yo menm. Yo pral kòmanse chèche fè bagay pou yo ka vann, tankou sandwich, repare pantalon ak chemiz pou fè rad travay. Yo ka fè misyon tou pou moun kap bay travay yo, ak lòt bagay ankò. Yap touche lajan pou sa, nan lajan ke ou peye kòm salè moun yo.”

“Ah, mwen konprann sa ‘’ Sabetha te reponn. ‘’Se vre wi.’’ Moun ki gen travay yo ap touche. Gen lòt timoun kap fè biznis pou travayè yo ka vin depanse lajan yo a. Konsa, sila ki mache pi byen an ap gen poul anplwaye plis travayè.

Marcella ki te sanble pase pou moun ki pi entèlijan nan biznis nan gwoup la, te fè konklisyon sa. “ Nou pral gen poun toujou ap louvri biznis, epi agrandi sa ki te déjà la yo, jiskaske pa gen travayè ki rete ankò. Konsa tout moun ap gen yon anplwa.”

Sabetha te kale jel poul di, “Wow !”, Gade kijan sikilasyon lajan nan vilaj la pral elaji non !”

Epi Marcella te pale yon lòt fwa pou jounen an. “E tout bagay sa yo patap rive posib si ti mesye yo pat kapab jwenn lajan prete. Ekonomi ka grandi sèlman lè antreprenè ka gen aksè pou prete lajan. San kredi, ou pa kapab grandi.”

Andre te konnen ke li te gen rezon. Men li pat oblije dakò, li te swete sèlman ke li ta ka pi entèlijan ke Marcella !

Aktivite : Chwazi 3 elèv pami yo pou reprezante labank A, ki se labank ‘lajan pa fasil’ la. Pran 3 lòt pou fè labank B, ki se labank ‘lajan fasil’ la. Mande labank A poul pa lache prensip pou bay kredi yo, fè yo konnen ke sa ta vle di ke yo pa renmen bay kredi, eke yap fè sa si pa gen riks ditou pou labank (yo pa bay twòp kredi) ! Mande labank B poul etidye dosye moun ki mande kredi yo, men poul dispoze bay kredi a sila yo ki pwomèt pou yo reyisi nan biznis yo.

Mete lòt elèv yo nan klas la nan plizyè ti gwoup 2 a 3 elèv, epi mande yo bati plan pou monte biznis (ki pou fè pwofi plis louvri nouvo anplwa tou). Ba yo ase tan pou yo prezante plan sa yo ki pral depoze devan labank la.

Kite tout gwoup yo prezante ak plan yo pou yal mande kredi nan toulede labank sa yo. Li yon reyalyte ke si sete labank A sèlman ki te genyen, pèsonn patap jwenn lajan prete, patap gen nouvo anplwa non plis, epi ekonomi an tap mouri !

Fè klas la diskite kijan sa enpòtan pou antreprenè yo gen chans jwenn lajan prète, si pou ekonomi an ta grandi. Ki sak ka rive lè yo pa gen lajan pou kòmanse pwojè yo biznis yo ? Konbe anplwa kap pèdi lè pa gen biznis ki louvri?

Tout bagay la kòmanse ak antreprenè yo, lè ke yo gen mwayen fasil pou jwenn kredi ki pou pèmèt yo louvri biznis! Se sèl fason pou gen pwogrè ak avansman.

****Konpetisyon, kapasite, Resous ak Kòmand****

Prensip 11: Konpetisyon se bèl avantaj pou komès kanpe djanm, li fè ke yo bay pwodwi ki

Bon, ak bon sèvis pou yon pri ki pi ba



Konpetisyon ant biznis yo se yon bagay ki enpòtan. Poukisa? Li fòse chak biznis pou ofri sal gen kòm pwodwi oubyen sèvis ki pi bon an pou yon pri ki abòdab. Nan foto a nou ka remake yon pòm ki domaje ak yon lòt ki an bon eta. Nou wè tou yon bon gita ak yonn ki gen kòd kase. Kilès nan pòm yo ke ou ta achte? Kilès gita ou ta achte? Wap chèche bon pri, mentou, ou dèyè bagay bon kalite !

Biznis ‘‘A’’ ap fè bisiklèt kap dire menm pou 2 zan, e yo koute 89 dola sèlman. Biznis ‘‘B’’ ofri bisiklèt ki dirab pou 2 zan tou, pou 79 dola. Biznis ‘‘B’’ ap vann pi plis bisiklèt, pou pri ke yo ye a. Si biznis’’A’’ vle kontinye wè pòt li louvri, se poul ka jwenn yon fason poul vann bisiklèt yo a bon mache, konsa li ka fè konpetisyon ak biznis’’B’’ kap bay pi bon pri a.

Epi si yo ta rive vann bisiklèt yo pou menm pri, men se biznis’’A’’ ki bay bon kalite a, moun ap vle achte sak pi bon yo. Moun yo toujou vle achte atik ki gen non, men yap chèche bon pri tou. Biznis yo fè konpetisyon ant yo pou yo wè kilès ki ka ofri pi bon atik la pou yon pri ki abòdab, epi pou yo pa fè pèd. Konpetisyon se avantaj pou lasosyete. Li fè pri yo vin ba epi gen bon kalite tou.

Biznis’’A’’ dwe fonksyonen ak konpetans sansa, li pap ka kenbe aktivitel yo. Pou chak bisiklèt li mete deyò fòk li pa fè pèd : Tèren an ak kay kotel ye a, li lwe ou achte a. Mèt biznis la dwe negosye poul jwenn bon pri pou yo. Sinon, sa pral koutel pi plis pase advèsèl la, anvan menm kel ta rive monte premye bisiklèt pal la ! Fòk li gen anplwaye. Sil peye twòp lajan, lap gen poul monte lajan bisiklèt yo, epi pri pal la pap ankouraje kliyan vini. Sil pa peye byen, li pap jwenn travayè ditou. Se menm bagay tou pou materyèl la gen poul achte yo. Poul bese pri, li dwe jwenn avantaj bon mache. Men pa nan nivo kotel pral achte move kalite pwodwi.

Reyalite ant ba pri ak bon kalite a, fè bagay la vin pi dinamik ankò. Yon biznis ki dinamik ap toujou gen avantaj mache a, paskel ofri bon pwodwi ak bon pri tou.

Ti Listwa a

Kovrich te prese pou al jwenn Allen ak Andre ki tap pare yo pou demen.

Li te di’’Ey, mesye yo !’’’’Mwen tande ke nap monte ekip nou an demen. Eske nou vle anplwayem ?’’ Pandan lap avanse ou te ka tandel di,’’ Map ka travay pou ti kòb ! Mwen konnen ke

si nou gen pou nou tire pwofi, nou pa kapab peye moun anpil lajan tankou lòt timoun yo wè sa.”

Sètalo ke Andre ak Allen te gade Kovrich ak yon lòt santiman. Me yon travayè ki konprann pwoblèm yo !

Allen te mande,” Enben, ki sa ou ta vle ofri?” Li ak Andre pat gen entansyon ditou pou twonpe moun. Men kèk nan timoun yo tap mande gwo lajan ki taka lakòz biznis la kaba anvan menm kel ta kòmanse !

“Eben”, Kovrich te di. Mwen déjà gen kèk moun avèm, em pa kwè ke nou pral mande gwo lajan. Si ou ka ban nou tou le 5 travay, ou pa gen nesesite al peye timoun yo gwo lajan sa. Sa ap pi bon pou ou, epi mwen menm ak zanmim yo nou pral mete nou ansanm poun fè yon ekip.”

Andre te di,” òf sa enteresem anpil, nou bezwen pou nou dinamik, donk nou ta dwe redwi depans nou yo, yon fason pou pri nou yo ka abòdab tou. Si li posib pou nou ka bati yon ti kay pou ba pri oubyen pi ba pri toujou ke lòt biznis panse li ka fèl, nap toujou nan komès la.”

Kovrich te tèlman kontan, li te di,” Ok zanmi !” “Eske nou mèt konte sou ou ?”

Allen te dil,” Wi, ou ta mèt konte sou nou.” Se konsa li menm ak Andre te bay Kovrich lamèn. “Se pou vini isit la byen bonè nan maten ak zanmi ou yo. Nap tann ou. Byenvini nan biznis la !”

Apèn Allen fin pale, li remake andre tap pale ak yon ti gwoup timoun. Se sila yo ki ta mande touche anpil lajan an. Li tap di yo kel pa gen travay pou ba yo ditou.

Andre te vin kite yo, men gen lè yo te toujou pa konprann anyen. Yo te vle fè konprann ke travayè te ra, pap gen anpil. Men se lekòtrè ki ta laverite a. Te déjà gen twòp travayè disponib pou travay pou mesye yo, pou yo ta peye lòt anpil lajan. Bezwen travayè te piti akòz yo te anpil, te gen twòp.

Andre pat bay travayè sa yo travay paske anfèt, li pat kapab pran chans anplwaye yo, poul ap achte materyèl, poul gen labank pou peye, epi poul ta fè benefis. Yon jou ya konnen : bagay la dwe bon pou tout moun, pagen okenn moun ki dwe pou toujou devan lòt yo.

Aktivite

Yon senp ti ekzèsis, pou pèmèt elèv kap patisipe yo, rive konprann lide prensip la montre a. Ou ka chwazi 3 a 4 nan yo pou monte boulanje’’A’’. Fè menm jan an tou pou boulanje’’B’’. Yo ka vin devan klas la pou yo fè sa. Fè boulanje’’A’’ mete yon anons pou vann pen cho a 1 dola 75, epi mande boulanje’’B’’ ofri menm pen choa pou 1 dola 50, yo ka mete anons la tou.

Mande lòt elèv yo, “nan kilès boulanje nou ta renmen achte pen cho ?” Anpil nan yo pral diw nan “B.” Mande yo poukisa ? Yo pral di oubyen paske pen an koute bon mache, oubyen paskel li a ba pri.

Pa pale fò, avèti elèv ki nan boulanje’’B’’ di yo ki sa ke ou pral fè, yon fason pou yo pa fache avèw. Ale byen deside nan boulanje’’B’’ a pou kapab achte pen. Fè tankou ou louvri pen an, epi ou sezi anpil lèw remake ke pen an gen mit ladan ! Ou fè tankou ou fache, epi ou jetel nan fatra !

Konnyèa, mande klas la sil toujou vle achte pen nan boulanje’’B’’, menm si li on ti jan pi bon mache ! Anpil pral di ‘non’’ Mande, ‘Ki kote nou pral di zanmi nou yo pou yo ka achte pen ?’ Anpil pral di ke yap di zanmi yo pou yo achte pen yo nan boulanje’’A’’

Ou kapab di yo,’’Pou fè konpetisyon, se pou ka gen bon pri AK bon pwodwi tou !’’ Ou kapab mande yo,’’ Eske sa nan avantaj boulanje ‘’B’’poul ta achte pen nan yon boulanje kap bay’’ ba pri ’’ poutèt farin nan vye ? Non, li pap dakò. Boulanje a mete pri yo ba, men sa pa nan avantaj yo. Yo ta sipoze mete pri yo ba nan yon lòt sikonstans. Petèt yo te kapab jwenn mendèv bon mache, oubyen negosye ak mèt kay la pou bese pri lwaye a.

Eksplike elèv yo sa : si boulanje’’B’’ te gen move repitasyon epi fèmen biznis la, boulanje ‘’A’’ te kapab, paskel pa gen konpetisyon ankò, monte pri pen an a 2 dola konsa. Si ke yo ta fè sa, ta dwe gen lòt boulanje ki pou ta vin kanpe an fas li. Omwen kèk elè ka wè ke 2 dola a twòp, e ta dwe gen lòt boulanje ki pou ta louvri pou fè pwofi pandan yap rivalize ak boulanje ‘’A’’.

Mande yo,’’ A ki pri nou panse ke nouvo boulanje sa ta dwe vann pen li yo ?’’Kèlkeswa kalite pri yo ta bay la, mande yo pou yo di poukisa yo panse ke se ta dwe pri sa a.

Finì pou di : ‘’Lè yon biznis ka kenbe depans li yo byen ba, pandan lap ofri bon pwodwi bay kliyanl yo, pandan yap ofri pwodwi bon kalite a pi ba pri a, sa se objèktif anpil biznis li ye !’’

Prensip 12 : Se sa achtè ak sa vandè yo deside nan komès la ki fè konnen ki kalite pwodwi ak sèvis ki genyen, ni pri ke yo koute



Moun yo konnen ki sa yo vle achte e konbe yo konsanti peye. Nan yon mache lib, leta pa gen okenn enfliyans sou sa kap vann, ni sou pri pou yo vann. Okontrè, moun yo di, se sa ke yo bezwen an, ak pri ke yo achtel la ki enpòtan nan mache a.

Balon an nan foto a gen valè pou kèk moun. Eske se pou tout moun ? Non. Si yon biznis fè 100 konpitè, epi se yon sèl moun ki deside achte, èske biznis sa ap kontinye fè konpitè ? Ti gason 12 zan sa renmen paten. Eske biznis ki bò lekòl timoun yo ka vann anpil paten? Eske yon magazen pou granmoun gen moun ki mandel paten?

Pa ekzanp, si moun yo ap mande yon savon èspesyal, kèk biznis ka gen tan fèl pou piblik la achtel. Nou konnen ke gen gwo bezwen lè se piblik la ki yon bagay. Toutotan ke piblik la ap mande savon sa, biznis ak kontinye fèl pou vann. Si moun yo pa mandel ankò an kantite, gen anpil savon ki pat vann kap rete nan depo biznis la ! Lè sa ap vin gen anpil kantite ki rete paske bezwen an ratresi. Donk nou vin gen yon sitiasyon kote gen mwens bezwen epi anpil resous. Si bezwen an ralanti ba konsa jiskaske se yon ti kantite moun kap achte savon an, biznis la ap oblije sispann fèl.

Sa moun yo bezwen an, pa sa leta ta vle a, se li kap di sak pou fèt nan komès la. Ann sipoze ke gen bezwen pou savon, men pa gen ase. Moun yo nan difikilte pou jwenn savon, e lè yo jwenn li, yap peyel byen chè. Lè sa nou di ke se gran bezwen ak mank resous sa ye. Sa lakòz pri savon an monte. Sa se opòtinite pou fè lajan, donk gen bizismann ki pral deside fè savon an. Si twòp biznis vin tonbe nan fè savon an, pral vin genyen anpil savon sou mache a, lè sa vandè yo pral oblije bese pri savon an pou moun ka achtel. Pou soulaje depo yo, biznis yo dwe ap chèche kijan yo ka likide sak nan depo yo. Paske pri a ka desann byen vit aswè pou louvri demen !

Si gen bezwen, gen yon moun kan menm kap asirel ke gen resous pou konble vid la. Si pa gen bezwen an tou, pa gen moun ki pral riskel depanse lajan sa. Se konsa komès lib la fonksyone.

Ti Listwa a

Kovrich te avèti zanmil yo. Li te di yo ke yo pral gen pou travay di, yon fason pou se pa yo ki lakòz biznis moun y opa mache byen, pou mèt biznis la kapab gen satisfaksyon.

“Nan sans sa”, li te èksplike yo, “toutotan moun yo gen bezwen pou bati kay, epi Allen ak Andre ka bati pou yo nan pri ki pa chè, nap toujou gen travay ! Se yon kesyon ekip nou ta di, kote tout moun ap genyen ! Lè yo pale byen de kay yo, e ke ak konpetans nou, nou ka garanti ke se sa yo ye vre, timoun yo pral vle achte kay. Si biznis la kapab bati yo a bon mache pou yo, pandan ke lap tire profi, biznis la ka vin pi gran. Son sèlman travay nou ap garanti, men tou nap ka mennen zanmi nou yo tou ! Lè biznis la pwofite, se nou travayè tou ki jwenn avantaj.”

Li te di zanmi yo, “Sa trè senp, nès pa.” Si gen bezwen pou yon atik, genyen moun kap fèl pou vann li. Epi si gen anpil lajan kap fèt, gen anpil moun kap rantre nan komès la pou fèl tou. Lè ta gen twòp, alò ka vin gen twòp pwodwi sou mache a, epi pri a pral desann ba...”

Li te kontinye. “ Nou pa èsklav, men nou dwe ede biznis la mache kòrèkteman. Se pou nou bay bon travay, pou yon salè rezonab, konsa kliyan yo ka jwenn bon pri. Lè nou ta fonksyonnen konsa, pa gen okenn lòt biznis ki ka vin bann tèt. Se nou kap premye sou mache a, epi nap gen travay pou lavi diran.”

Li rekonèt ke li te dwe motive zanmi yo. Epi li te konnen tou ke denpi ke yo bay prèv sa yo ka fè, ede mèt lajan yo ak moun ki rete nan kay yo santi ke yo pat kapab gen pi bon dil pase sa, ap ka gen bezwen pou kay pou anpil tan ankò. Sa ta vle di ke travay yo asire pou lontan tou.

Aprè sa li ta kapab ale jwenn ak Allen ak Andre pou negosye yon ogmantasyon salè. Omwen yon ti pòsyon nan pwofi Allen ak Andre a ta gen tan gwosi pou ta ba yo opòtinite rekonpanse travayè yo. Si pa gen antreprenè ki pou pran riks, pap janm gen travay. Men lekòtrè a vre tou. Si pat gen travayè pou travay nan bon pri, antreprenè a pa tap kapab louvri nouvo biznis poul fè lajan non plis !

Sabetha te di, “Mèsi Bondye paske gen konpetisyon.” Li pèmèt gen rezilta nan biznis bati kay la. Se li ki fè patron travay yo bay bon machandiz ke moun ka apresye. Pa gen moun ki ta vle achte move machandiz... Konpetisyon pèmèt tou ke pri yo desann. Sa se yon ankourajman pou gen lavant, sa favorize kapasite ekonomi an pou yon bon bout tan.” Li te konnan ke konpetisyon pèmèt ekonomi an rete an sante, li bay bon machandiz ak bon jan pri tou.

Aktivite : Sèvi ak menm modèl magazen “A” ak “B” a ankò. Ou ka dirije ekzès la ; bay kondisyon an, etc. pou ka èksplike plizyè fasad prensip la genyen.

Sa ou ka eseye :

1)Fè yon elèv ale nan magazen”A” poul mande pou savon ki rele” Bèl nègès “la. Yo pa genyenl, epi li ale nan lòt la “B”, epi yo pa genyenl non plis. Li fè jès ak menl pou montre janl dezole. ! “Mwen tap peye kèlkeswa lajan an pou savon “Bèl nègès sa. (Pwofesè a menm : ankouraje magazen “B” pou chèche gen savon sa ke yap mande a. Konsa yo ka mete yon pri ki chè sou li, paske pa gen lòt moun ki genyenl pou vann !) Fè kèk achtè al nan magazen”B”

pou achtel malgré li koute chè a. Pawò la pale, anpil achtè debake lakay''B'' dèyè savon an.

2)Mande magazen ''A'' poul pran enfòmasyon sou savon sa a, pou yal chèche genyen ladanl tou ! Yo vle fè konpetisyon, konsa yo ofril a ba pri ke sa magazen''B'' ap mande. Eske magazen''B'' pa pral bese pri pal tou, pou tankou ''A'' oubyen poul ale pi ba. ?

3)Aprè sa, anonse ke gen yon biznis kap fè savon sa, anpil gwo pake chak jou! Mande klas la ki sak pral rive pou pri savon sa ki pat fasil pou jwenn nan. (Machandiz tou pare, petèt plis machandiz epi pri a pral desann).

4)Enfòmasyon tonbe ! Gen yon biznis ki gen renon ki vini ak yon rapò ki di ke savon''Bèl Nègès''la kapab bay po kò granmoun yo kansè, epi li kap menm fè timoun yo mjalad. Mande klas la: ''Eske moun yo ap toujou bezwen? Eske ap toujou gen demand pou li ankò ?

5)Mande menm elèv sa nan nimewo (1) an ke li fèk dekouvri yon bon pomad pou kò, nan yon biznis ki pa pre isit la, ki ka fè kò yo pi fre, pi rajeni, epi ki bay anpil enèji tou ! Ou ka di : bezwen pou savon''Bèl Nègès'' la pala ankò (gen anpil ladanl ki rete chita nan biznis moun yo) e prese prese pral gen bezwen pou krèm mirak sa ki fèk parèt la. Mande yo :'' Esken panse, lè na gade bezwen an, gen moun nan zòn nan ki pral prese achte nouvo krèm sa pou vin vann ?'' Wi, gen moun kap fè sa, paske yo wè la yon chans pou yo ka fè lajan.

6)Ki kalite pwodwi ki ta vin sou mache a, si yo ta rive dekouvri ke gen posiblité pou dlo pi a ta bay moun yo maladi ? Eske pwodwi sa tap pi bon mache, nan yon premye tan, epi vin pi chè pita, oubyen yon lòt fason kèlkon ? (dòdinè yo toujou koute chè paske nan premye moman yo pa toujou gen anpil biznis, epi bezwen an konn anpil (paske chak moun ta vle gen yonn), machandiz la pa konn ase. Yo vin bon mache pita, paske gen plis biznis kap vann dlo, machandiz la vin an kantité, bezwen an rete menm jan, sa fè pri a desann.)

7) Mande yo sak kapab rive [pwodwi ak bezwen] si leta ta rive jwenn yon fason ki pi bon mache pou anile pwodwi ki danjere a, epi pa gen bezwen pou gen yon biznis dlo pirifye ankò. (Twòp kantité, epi pa gen bezwen, pwodwi a san valè)

Finis pou di:''Nan komès lib la, se demand la ki di ki kalité pwodwi moun yo bezwen, si se sa moun vle, gen yon moun ki pral vini ak li.'' Epi tou, '' Nan komès lib, kantité pwodwi a ka di konbe moun yo pral peye pou li ak pou sèvis, paske ratman pwodwi fè pri yo monte, alòske lè se twòp se anpil chans pou yo ka vann.''

Se moun yo, men sepa leta, ki di ki sa ki ta dwe pwodwi, epi ki pri kel pral koute.

Prensip 13 : Chak fwa valè pwodwi ak sèvis yo monte, sa vle di ke pri yo pral ogmante tou.



Genyen semans nan sak ki nan magazen an. Yon kiltivatè achtel, anpil ti grenn. Chak semans koutel prèske 50 kòb. Nan jadenl, li plante yo. Li te gen bon tè pou grandi semans la. Li travay tèa, asirel ke pa gen gwo zèb, epi li te arozel. Yo vin bay anpil donnan. Kiltivatèa te achte plizyè ti bwat poul mete rekòt la, pou yo ka byen prezante nan magazen an. Li pote yo nan magazen an, epi gen yon mèt boulanje ki achte yo. Li fè yon bèl gato ak yo ! Madanm nan ki nan rèstoran an achtel. Li metel nan kontwa rèstoran li. Li tèlman bèl, on dire se te pi bèl la sou tè a ! Yon kliyan wèl, epi la menm li renmenl. Li achte yon moso kel te peye pou 3 dola 75.

Nan foto sa ou ka wè ke yon pakè semans te tounen yon gwo rekòt, epi li te vin bay yon gato ! Okòmansman, semans la te koute 50 kòb chak, epi konnyèa, yon ti moso te vin koute 3 dola 75 ! Ki sak te rive ? Se paske pandan tan sa, semans la te vin pran valè, lèl te tounen donnan an. Plis valè te vin monte sou li ankò, lè rekòt la te vin nan bèl ti bwat pou al vann. Pat gen pèsonn ki te vin achte nan jaden an, se pou sa li te depoze yo nan magazen an lavil, kote plis valè te monte sou yo ankò. Chanje pozisyon pwodwi a soti yon milye ale nan yon lòt, pèmèt pwodwi a gen plis valè tou.

Aprè ke mèt boulanje a te fè gato ak yo, valè te monte pi rès toujou. Lè madanm rèstoran an menm te metel nan vitrin nan, valè te monte pi plis toujou sou li, paske la gen moun ki te bezwen manje !

Pri a te kontinye ap monte paske a chak peryòd yo, valè pwodwi a tap monte pi plis. Donk sa fè ke chak fwa ou ajoute valè sou yon atik, li vin vo pi plis ankò. Yo monte pria, se yon fason pou yo tire jefò ke yo te fè pou sa, ak tan yo pou te bay valè li sa.

Ti Listwa a

David te konnen ke kalite plastik ke li menm ak kovrich te jwenn nan, touswit aprè aksidan avyon an, pat pou yo. Men yo te desie kenbel. Ou pa janm konnen, li ka vin itil yon jou.

David di, " Nou sonje lè nou te deside kenbel ? " " Sa fè lontan denpi ke nap konsèvel, mwen panse ke desizyon sa se nou ki te pranl anvan. "

Kovrich te dakò, li te di, " Si nou pat pranl, li tap rete pouri la anba solèy la, epi li tap gate pou jodia. Akòz jefò nou yo, li toujou ka sèvi. "

“Se dakò, epi nou pat gadel la sèlman, nou te fè anpil bagay pou nou te bal valè, nou ka devine kisa ?” David te mande yo.

Kovrich te parèt yon tijan dwòl. Men li pat gen repons pou bay David.

David te kontinye pale poul di’’ se konsa sa ye’’. ‘‘Le nou te enfòm sou biznis Andre ak Allen ap met sou pye pou vann kay yo, nou vle mete tèt nou ansanm pou nou kòmanse panse fenèt yo. Nou tap panse a kisa lajè fenèt sa yo ta dwe ye, èske yo tout ta dwe menm lajè, epi konbe nou pral bezwen pou yon ti kay, etc, nou te fè sa, e nou vin ekspè nan zafè fenèt.’’

Kovrich te di,’’ Golly, ou gen rezon !’’ ‘‘Epi ou konnen yon lòt bagay, nnap koupe yo nan lajè ekzat pou yo chita byen nan fenèt yo. Epi tou, nap aranjen pou yo soti pa lajè, e nou mete yo an sekirite.’’

Konsa, li pi klè pou mwen, Apre tout travay ke nou te fin fè, ak tèt nou, ak men nou, nou te rann plastik la pi enpòtan ke lè nou te jwenn li a.’’ Se sa ke David tap panse, e li te dil byen klè pou Kovrich. Sa te fèl santil byen lèl te pale san ipoksizi konsa.

Kovrich te entèvni ase byen poul te di :’’ Nou te rann li gen pi plis valè. Nou te ranmasel preske tankou yon moso plastik an movèz eta, poul te ka tounen fenèt byen taye, depoze an sekirite... Li te vin gen plis valè. Nou pral gen pou benefisye pou tou sa. Nou pral mande bon pri pou fenèt nou yo.’’

Antretan, Allen ak Andre te gen yon menm experyans. Yo te rive ranmase yon bann kantite bwa nan rajea ak nan kakas avyon an. Yo te ranmase tou kèk lòt materyèl itil ki te nan kakas avyon an ki kapab itilize pita.

Allen te sou plèzantri. Li vle fè konprann kel serye, li te poze Andre yon kesyon.

“Sa map gade la a, epi ki a mwaye anere nan labou, mwen wè devan pyem la a sèlman yon moso debri. Li pa sanse gen valè. Eske ou panse ke lap rete konsa ?” Li te bese epi li te ranmasel. Li leve kakas la byen wo anlè, tankou se te yon dekorasyon. Li tap fè kèk grimas !

Andre tap reve, li te di,’’Hummm,’’ Ann gade, kijan nou ka fè pou yon moso kakas vin gen valè ?’’ Li te ap panse tou. Yo tou lede te konnen ki kote sa te ka mennnen.

Allen te pale, tankou se ta yon kesyon, “Ou ta vle di ogmante valèl pou pri li kapab ogmante tou ?

“Ebyen, petèt fè pòt. Pa ekzanp, nou ta kapab fè pòt pou ti kay yo. Tache pivo yo nan pòt yo.....epi zam ! Nou ap gen yon bon pòt ki ka louvri ak fèmèn byen fasil. Mwen panse nou ta ka mande bon pri pou pivo sa yo poutèt kel fè pati bon pòt sa !”

Aktivite : Elèv yo ka piti piti déjà gen eksperyans, kijan pou yo fè yon atik gen anpil valè. Ou ka deside si klas la ta dwe ranje an yon gwoup, oubyen poul ta sépare an 2 ou plizyè gwoup. Ann konsidere ke nou gen sèlman yon gwoup pito,

men demach la rete menm bagay la, kèlkeswa kantite gwoup ke ou ta genyen an. Ou ka fè klas la pote yon bagay ki soti lakay (pa ekzanp, yon sèsò rad, bòl kwizin, oubyen yon moso bwa) ki pa gen anpil vale, oubyen ou ka pote yon bagay pou yo tou. Lap pi fasil pou swiv aktivite a, si tout moun ap travay ak menm bagay la.

De tout fason, gwoup la dwe gen yon bagay ki pa gen anpil valè. Ede yo reflechi sou sa ke yo ta ka fè ak bagay sa ke yon moun ta ka renmen. Yon bòl ka vini yon bèl bokit pou mete plant, yon sèsò rad ka pran fòm zannimo, byen pentire, ak bouton ladan pou fè zye yo, sa se yon bèl atik dekorasyon pou chanm timoun

An di ke yap travay ak yon bòl kwizin. Apre ke yo ta deside kisal ta ka tounen, mande yo pou yo divize travay la an plizyè etap byen klè. Si yap fè bòl la tounen yon veso pou plate flè, petèt ke li ta mande poul ta pentire anvan, oubyen kouvri ak papye aliminyum (etap 1). Yo ta gen pou mete sab ladanl (etap 2), epi ajoute ti fatra (etap 3). Fòk yo ta panse jwenn yon plant (etap 4) epi plantel (etap 5). Li pata bezwen poul ta yon twò bèl plant, nenpòt move zèb tap bon pou ekzanp sa. Yo ka petèt ta vle lòt dekorasyon anplis de plant la, tankou ; kèk ti ròch, plant ki mache yo, plim poul...(etap 6). Apre sa yo ta bezwen deside ki kote yo ta ka metel (etap 7). Apre sa fòk ke yo ta gen pèmisyon de yon moun pou yo ta ka metel kote pou moun ka wèl ; dapre prensip la, ou menm ki pwofesè a, oubyen se yon mèt biznis (etap 8).


Kite yo deside kilès ki pral fè chak etap yo, pou bòl sa ki te san valè a, vin gen valè. Ede yo deside konbe yap mande pou tout jefò sa yo ki te fèt yo.

Konnyèa, fèl. Travay ak bòl la, etap pa etap ! Chwazi elèv ou vle pou kòmanse ak eta 1, apre sa, vann pwodwi sa ki ponko fini an bay dezyèm gwoup la, ensi deswit (yo kapab peye ak promès, pretann peye natirèlman, ak bon lajan, men pa kitel chanje men).

Sa ap kontinye, piplis valè epi touche lajan pou sa, jiskaske tout etap yo fini, epi gwoup la reyalize yon bèl bokit pou mete yon kote. Petèt gen yon moun ki ka vle achtel tout bon. (yon lòt pwofesè, oubyen yon lòt paran, etc..). Sepandan, sa ki enpòtan an, sèke elèv yo te fè yon bon eksperyans kote pwodwi a vin gen piplis valè, epi jwenn bon pri paske yo te fèl. Dènye pwodwi a ta dwe vann pou ase lajan pou kouvri depans pou chak moun ki te ajoute valè sou li an. Epi pa bliye, rive nan dènye etap sa pou pwodwi a ka gen valè poul vann a yon kliyan, se yon reyèl travay dekip ki chaje ak valè, kote chak moun ta dwe jwenn pwofi pou jefò li te fè.

Ou ka fè santi ke : Nan koze mache lib la, chak fwa valè ajoute sou yon atik, li vin gen pi pli valè toujou, epi li sanse vin koute pi chè.

Prensip 14 : Chak fwa gen lagè, sa koute anpil, epi sa lakòz sosyete yo pa benefisye anyen.



Ou te kapab konn wè kèk imaj de timoun san manman ka kriye, ki pa fè lonè sosyete a tèlman yo fè pitye. Tankou bonb te touye manman yo. Yo te gen malchans pou yo te fèt nan yon peyi ki nan lagè ! Menm lè nou ta di lagè nesèsè, lagè toujou koute sosyete yo anpil.

Nan foto a nou ka wè lwil, yon resous natirèl, kap koule atèa. Lap gaspiye ! Anpil resous valab konsa kapab ap gaspiye tou. Lagè se yon move kannal ni pou resous materyèl, ni pou nou tou.

Li di pou chanje chagren ak doulè an chif. Men li pa difisil pou imajinen kalite touman ak konfli ke lagè ak zam pote, kap ravaje tè sa jodia. Imajinen sò timoun sa yo ki pèdi manman ak papa yo akòz lagè. Panse a smizè anpil madanm ak mari kap viv nan chagren. Ak tout sila yo ki pat mouri, men ki ak pote doulè nan kò yo paske yo te èstwopye, doulè anpil fanmiy ki oblije separe tou.

Kèk lè tou ou paka evite lagè, men chagren ak doulè kel kite pou ou, lakòz ou pote sikatris li pou lontan. Malerezman, kalite kè sote sa kap deranje nou an vini, nan moman sa yo, yon bagay ki toupatou nan lemond la. Kijan nou rive mezire kantite talan ke nou pèdi, kè kontan ken pa janm jwi, enfliyans indinyasyon yo ak revanj kap ronje lavi nou yo ? Sosyete a toujou ap fè pèd chak fwa ke moun sa yo nan doulè, eke yo pa kapab èksplwate kapasite yo pou mete tèt yo ak talan yo, o pwofi sosyete a. Se lagè ki pote ale tout fòs yo.

Genyen défisi ekonomik yo tou. Depans pou repare yon èpòt ki te kraze ak bonb, se gwo depans. Lè sòlda yo nan lagè, yo pa kapab pwodwi manje, fè rad oubyen kay ke moun bezwen pou rete. Tout lajan ki ta pou bati wout ak fè lekòl mache, pase nan depans pou gwo zam.

Lè peyi a atake, fòk li pare pou defann tèt li, se vre. Men defans sa toujou koute anpil, epi li souse preske tout resous valab sosyete a, kit li ta moun, kit li ta materyèl tou.

Ti Listwa a

Te vin gen pwoblèm nan ti kominote yo a. Sa te rive tèlman vit, kel te siprann tout moun. Yon jou nan lè dine a, pandan ke yo tout te la, sa te rive !

Te gen yon ti demwazèl ki te leve kanpe, li te kòmanse ap joure Andre, epi li te mache sou li...Li te pousel jete nan twou chofaj la. Andre te brile anpil.

Pi vit pase anpil moun ta ka imajinen sa, tèt chaje yo te kòmanse, epi ti kominote lapè a te chanje en zòn lagè ! Te gen de kan ki te déjà fas afas ! Chak kan yo te panse ke se lòt la ki antò, li pat sanble ke te gen yon bagay vrèman ! Anvan yo te zanmi, jodia yo se lènmi yo ye.

Marcella te kontan paske li menm ak Sabeta te nan menm kan.

“Sabetha, ki sa nou pral fè,” Marcella te di, li tap kriye byen fò pandanl tap fè ale vini. “Nou te anvizaje timoun sa yo pou yo te achte ti kay yo ke nap bati yo, epi vwala jodia yo se lènmi nou !”

“Mwen pa sezi pou lavant kap desann, mwen sezi pou zouti Andre an Allen yo, ak tout materyèl sa yo, pou yo pa vin boule yo ! Epi Andre te frape tou. Eske lap toujou kapab mennen biznis la ?”

Sabetha te vrèman twouble. Sa te raplel lontan lè yo te lakay yo, anvan avyon an te tonbe a, kijan peyi konn chèche fè lagè kon yon lòt sèlman pou detwi yonn lòt. Yo pat inikman eseye pou touye ak èstwopye sòlda yo, yo te eseye detwi ekonomi an ki te lènmi yo tou.

Li te di, “Nou ta sipoze fini ak bagay sa !”

“Enben”, Marcella te di, “Mwen dakò, men se kijan ? Nou gen timoun yo ki te konn zanmi kap bat pou fè yonn ak lòt ditò jodia. Eskew te remake kijan ti gwoup mesye ak chapo yo tap choute sila yo ke yo te jete atè a.?”

Sa te dekonpoze Sabetha pi mal ankò, lè yo te oblije kouri lwen al kache, paske te gen yon ti gwoup atoufè ak bwa dife nan men yo, ki tap mache vin nan zòn kote te gen zouti ak materyèl ki te nan depo, san dout, pou yo vin boule yo.

Te gen yon moun yo ki te di byen fò, “Ann gade kijan Allen ak Andre ta santi yo jodia, apre ke nou va boule yo rapyetè, nou pral montre yo ! Se pa yo menm sèl ki toujou kapab fè bagay yo !”

“Marcella, sa tèrib anpil ! Anpil bon resous ap disparèt la wi !” Sabetha te reaji ak tristès.

Aktivite : Objèktif aktivite sa se pou ka montre ki kalite dega materyèl ak imen ke lagè lakòz. Santiman moun ki ekri liv sa, se pou sa taka evite chak fwa kel ta rive posibil, men lè yo atake yon nasyon, li andwa poul defann tèt li. Lè yon nasyon pèzib li bon, men ou pa dwe kite lènmi krazew.

Ou ka mennen elèv yo nan yon diskisyon sou diferant fason moun ka santi yo lè gen lagè. Gen nan yo ki zanmi lapè, gen lòt ki “mechan”, gen lòt ki aksèptel akòz yon sikonstans. Rèspè pou opinyon moun se yon bon bagay. Eksplike yo, ke ekzèsis sa pa pou ankouraje okenn opinyon sou lagè an jenera : yap fèl sou sa lagè koute, kèlkeswa opinyon yon moun

Mande yo pou yo fè yon lis de kèk depans nan materyèl pou lagè. Yo ka pale de pri zam, inifòm, depans pou baz militè yo mache, gwo bato yo, ak kantite avyon yo, sant lopital to, sipò pou misil yo, etc. Ou ka mete tou sa ke yo di sou depans yo sou tablo a.

Aprè sa, mande yo pou yo fè lis tout lòt materyèl ki pa gen pri yo tou. Sa ka poze yon défi pou yo. Jeneralman, pa gen anyen ki ka ekri an dola nan ka sa, men se pwoblèm afèktif ke yo ye. Genyen doulè pou wè ke ou pèdi yon pwòch, gen timoun kap grandi san papa ak manman, soufrans ki nan peyi kote lagè a ye a, dezolasyon pandan tan ke sa mande pou konsòle, etc. Genyen tou pri tout sa ki pap janm rive fèt paske gen moun ki mouri oubyen èstwopye ; sòlda ki pa mouri, e ki pap janm fini ak inivèsite, men ki oblije al fè pwofesè lekòl, oubyen bon sòlda sa ki pap kapab vini yon atis. Ede yo gen disènman sa nan lèspri yo.

Gen kèk fwa lagè se yon nesèsite li ye, li pap pa koute anpil. Ke li yon nesèsè ou non, li pral souse tout resous sosyete a.

Prensip 15 : Kòripsyon nan komès ak nan politik gaspiye anpil lajan, epi li bay anpil fo lidè tou



Kòripsyon ak pèvèsyon mache men nan la men ! Akòz lidè yo ki kòwonpi nan biznis, gen moun ki oblije ap peye plis pase sa yo ta dwe peye pou yo pwodwi, yo fòse yo peye anba tab ! Pou ka rantre pwodwi a soti aletranje, ou gen pou peye yon lòt moun ki pa leta akote, nan la dwann anvan pou resevwal. Lè lapolis retew, menm lè li mal ba ou kontravansyon an, fòk ou peyel poul kitew ale.

Fotoa montrew aklè kijan sa ye ! Kòripsyon se tankou lajan ou jete nan basen ! Lajan ou peye akote a ogmante depans ou, e ou pral gen pou fè kliyan ou yo peye sa. Le ou gen tout pwodwi pare pou vann, leta vin mandew fòk li pase enspèkte biznis la. Lè enspèktè sa rive, li mandew yon frè anplis pou pòch li, anvan poul ba ou tenb ofisyèl la ki apwouve aktivite w yo. Plis ankò sou do kliyan yo.

Gen kèk muoun kap kouri dèyè pòs nan leta kote yo ka kolèkte lajan illegal tout tan. Sa pa bon. Li fè tout bagay vin pi chè. Lè sa, moun ki pòv yo ap gen pwoblèm, paske yo pa kapab bay ti kòb sa. Nan yon ekonomi ki malad ak koze sa, manti ak dil anbachal tounen la mòd. Bagay yo fèt an kachèt, pa nan transparans. Toujou gen favoritis, se dil anbachal yo fè lalwa chak jou. Souvan, moun ki gen merit yo, ki pap peye ou ki pap janm peye anba tab la, pa janm rive gen chans pou dirije, konsa la sosyete pèdi anpil bon kapasite lidèship.

Se menm bagay la nan politik tou. Moun ki ka peye pi gwo lajan kòwonpi a, oubyen ki se yon bon zanmi yon otorite, li gen pi bon salè nan leta. Sa vle di ke se lajan nan fènwa, e non talan ak angajman, ki pral mennen sosyete a. Lè avaris se motivasyon an, kòripsyon ap toujou fè lalwa. Sosyete a pral dirije malman, epi bezwen moun yo ap toujou meprize. Kòripsyon nan biznis ak nan politik rann sosyete a toujou malad.

Ti Listwa a

Nan demen maten, pandan ke zouti ak materyèl yo ki te fè pil tap boule, kèk nan lès-pri vakabondaj yo te gen tan disparèt. Kovrich ak David te dakò pou ede Marcella ak Sabetha wè si yo te ka ede de kan yo fè lapè.

Medam yo te annik ale, e yo te kanpe nan mitan èspas vid la. Sete la ke kominote yo a te abitye reyini.

Yo te di plizyè fwa, "silvouplè vin tande nou". Yo te kòmanse chante. Yo te kontinye ap chante. Dabò, tou piti, epi apre pi vit, epi laplipa timoun yo te vin antoure yo. Gen kèk ki tap chante, gen lòt tou ki patap chante.

Aprè yon ti tan chante a te kanpe.

Ak yon vwa ki te fèm, byen klè, Sabetha te di yo, ” Nou dwe fini ak koze lagè sa antre nou an. ”

Sete tou pa Kovrich, ak David bò kotel, ki te avanse poul te di, ” Gade nou byen! ” Lagè sa vin kouten anpil ! Gen timoun ki pran shòk ki pap ka travay pou plizyè jou jodia. Gen materyèl ki te byen prepare ki te demoli. Moun ki te zanmi rive fache yonn ak lòt, epi gen sikatris nan lèsprè nou kap pran lontan pou geri. ”

Allen te mande, byen fò, ” Konbe nan nou la ki panse ke lagè sa te yon nesèsite, poul rive kouten tou sa, leve men nou ? ”

Sete sèlman silans...yo tout te sanble konprann : lagè se yon kanal ki pote tout resous nou ale nan fòs pèdi. Pat gen yon men ki te leve.

Allen te kontinye, ” Si se moun deyò ki ataken, ok enben nap batay. Nap gen poun defann kominote nou an. Men lagè nap fè a, li pa gen sans! Nou te ka chita pale. Amwen ke nap defann lavi nou, byen mou yo, nou kapab evite fè pèd. Lapè ak establi pi bon pou biznis nou, yo ankouraje moun viv. ”

Alò, Marcella te di, ” Yon lòt tou ron san fon ankò, se kòripsyon a. Map parye ke nou tout sonje politisyen kòwonpi nou yo lakay. ”

Gen yon moun ki te ajoute, ” ni bizismann kòwonpi yo tou ! ”

David te di, ” Nou pa vle sa isit la. Mwen te wèl ta ka rive isit la nan kominote nou an. Sispann sa ! Siapann bay lajan anba tab, sa pral fè tout bagay yo vin chè. Si Allen ak Andre oblije peye anba tab, yo pral oblije fè kliyan yo peye sa. Se kay nou yo ki pral koute chè akòz avaris lòt moun. ”

Sabetha, fè yon soupi. “ Kòripsyon pa bon. Lè nou fè bagay yo dapre lalwa, nou tout gen menm chans, ke se pou bon pri pou kay, oubyen jwenn yon bon pozisyon nan administrasyon kominote nou an. Nou pral gen yon leta parese, si nou ta pèmèt vakabon kap mennen bagay yo, ”

Kovrich te di, ” Li gen rezon. ” “ Yon moun ki se yon vakabon kap fonksyonen an ti koulout “PA GEN” kalite poul ka yon bon lidè, ni nan biznis, ni nan politik ! Kòripsyon rann sosyete yo malad. ”

Lapè te vini nan mitan timoun yo. Nouvo eksperyans sa te aprann yo yon bèl leson. Yo te aprann li ! Fonksyonen nan ladwati, transparans ak lonètete ap bay kòm rezilta, yon bèl lavi pou tout moun.

Sabetha te di Andre konsa, ” Bagay la te di anpil, tou sa nou sòt viv la a, ” Men lagè a fini, mwen espere ke nap pati tou nèf. Nou gen anpil chans jodia pou nou ka fè bagay yo byen. Mwen panse ke sa ka vin bon pou nou tout. ”

Andre te reponn, " Mwen vle swete ke ou gen rezon." Epi kilès ki konnen, si pata gen yon mirak ki ta fèt, yon jou konsa, yo ka jwenn nou, epi nou ta retounen lakay al viv vi nou."

Aktivite : Di elèv yo ke ou pral angaje klas la nan yon ti jwèt. Di yo, pou yo pretann ke ou jwenn sipò yon enkon ki gen repitasyon, pou ofri pozisyon Premye Minis la a moun sa ki ta peye lajan pou sa. Mande yo pou yo fouye pòch yo, bous yo ak valiz medam yo pou wè ki kantite lajan chak moun ka bay pou pòs la !

Lè nou ta vin konnen ki moun ki ta gen pi plis lajan, pran lajan yo (wap retounenl ba yo natirèlman), epi anonse yo ke se entèl ki jwenn pòs Premye Minis la. Ba yo move enfòmasyon sou kalifikasyon moun sa konsènan eksperyans ak konpetans li.

Aprè sa, di klas la, lè sa li deja 6 mwa pase, epi vin gen yon gwo kriz nan sistèm labank la, yo refize prete moun ki pap peye anba tab yo lajan ! Yon lòt kote, genyen tou yon peyi vwazen ki panse anvayi nou paske ti vakabon nan peyi Premye Minis la ap vann dwòg, fè tapaj, epi fè kouri ale vini nan fwontyè a.

Ede klas la fè diskisyon sou sa, yon fason pou ta gen desizyon ki ta soti sou tou lè de sitiasyon yo. Ede yo konprann ke swadizan Premye Minis la li pat kalifye, sa pral fè ke peyi a pral viktim akòz tou sa. Li te mete zanmil nan kalite pozisyon enpòtan sa. Eske li pa ta dwe gen kalifikasyon ?

Kòripsyon nan politik ak nan biznis tou, fè sosyete a malad.